ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРПАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№92 (24.218) • 2021 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Зэ тыгъуэу ят сабий ахъшэхэр ягъэгувэнукъым

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил Іэ зыщІэдза унафэм ипкъ иткІэ, зэ тыгъуэу ят сабий ахъшэхэр нобэ щыщІэдзауэ адэ-анэхэм Іэрагъэхьэу щІадзэнущ.

«ГЪЭ еджэгъуэщІэм щІэзыдзэжыну сабийхэм УФ-м и Президентым и унафэкІэ хуХаха сом мин пщІырыпщІыр шыщхьэуІум и 16-м щегъэжьауэт адэ-анэхэм яІэрыхьэну щаубзыхуар. Ауэ ахъшэр абы къапэплъэхэм етыным техникэ и лъэныкъуэкІэ пэрыуэгъу имыІэжу къызэгъэпэща зэрыхъуар къапщтэмэ, Іуэхум тхьэмахуитКІэ нэхъ пасэу иужь дихьэныр игъуэу къэтлъытащ», - жиІащ Мишустин Михаил.

Правительствэм и Унафэщіым къызэрыкиГъэщамкІэ, зэуэ ят сабий ахъшэр зи ныбжьыр илъэсихьм щегъэжьауэ илъэс 18-м ит сабий мелуан 20-м я адэ-анэхэм яІэрыхьэнущ. Зэуэ ят сабий ахъшэр тохуэ кУрыт щІэныгъэ зэрызрагъэзыуэт программэхэмкІэ еджэу, ауэ узэшыагъэхІэ сэкъат зиІэ ныбжьыщІэу зи ныбжьыр илъэс 18 - 20-хэм итхэми.

Зэуэ ят сабий ахъшэр адэ-анэхэм къыІахын щхьэкІэ, «Къэрал Іэхэутхьэбзэхэр» къэрал сервисым ухьихэу абы узэрыхуэзыкІыжьыр къэзыгъэлъагъуэ тхылъыр бгъэхьэзырын хуейщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Дыгъуасэ

Мэкъумэш Іэнатіэм къыхэтхыкІ щокІуэкІ

Шыщхьэуіум и 1-м щІидзауэ Урысей псом щокІуэкІ мэкъумэш Іэнатіэм и къыхэтхыкІыныгъэ щыкІуР. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къызэрыщІэзэрагъэпэщам, къыхэтхыкІыныгъэм кърикІуэнум, лэжьыгъэр зэрекІуэкІым теухуа пресс-конференц блыщхьэм иригъэкІуэкІащ Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм Кавказэ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Гъащтэ Аурикэ.

АБы жиІащ къыхэтхыкІыныгъэ щыкІуР (микроперепись) иджы щІэуэ къызэрэжьар, мы гъэм япэу зэрырагъэкІуэкІыр. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар илъэсипщІым зэ къызэрагъэпэщ къыхэтхыкІыныгъэм и пІалъэр зэрыкІыхьым къыхэкІыу, илъэситхум деж апхуэдэ зы къэпщытэныгъэ пщІыныр зэрыссбэныр щІ. Мэкъумэш къыхэтхыкІыныгъэ щыкІуРм и кьалэн нэхъыщхьэр зи гугъу тщІы Іэнатіэм щекІуэкІа зэхэуэкІыныгъэхэр къэхутэныр щІ. Абы иткІэ яубзыхуящ мэкъумэш Іэнатіэм зэрызрагъэужьыну жыпхъэхэр.

Шыщхьэуіум и зым щегъэжьауэ республикэм и район псоми щолажьэ Северо-Кавказстатым и лъныкъуэкІэ. Щыкъу 240-м ящыхьэ нэзыуэ республикэр къызэхІукъыпнущ, икІи щІы, былым, хадэ, губгъуэ щІапІэу яІэр ятхынущ. Ахэр зэхуэзыхьэс щІыхуэкІ планшет яІыгъщ, лэжьыгъэр ящигъэпсынщІэу, зэманыр кьахудигъахуэу, еэыхэр къызэрыпщІыху фащэкІэ хуэпащ, «Роспотребнадзор»-м къигъэув мардэхэр ягъэзащІэ.

Гъащтэ Аурикэ зэрыжиІамкІэ, мы къыхэтхыкІыныгъэм щІыхуэхэр щІыщІышынэни щІигъэгузэвэни щІыІэкъым. «Росстат»-м зэхуихьэс хъыбархэр зы къэрал Іэна-тІи иритыркъым, абыкІэ зы кулыкъущІапІи дзгуашэрхьым, атІэ республикэм щыщІыІэ щытыкІэр къращІэу езыхэм яІэ бжыгъэу аращ.

Мэкъумэш Іэнатіэм и къыхэтхыкІыныгъэ щыкІуР щыщхьэуІум и 30 пщІондэ екІуэкІынущ. КъыхатхыкІэхэр фокІадэ мазэм инструкторхэм ябжьжьынущ, къриІуэхэр 2021 гъэм и кІэм, 2022 гъэм утыку кьрахьэнущ.

● Олимп джэгухэр

Зыми къикІуэтыну и мурадкъым

Японием щыІэхэт XXXII Гъэмахуэ олимпиадэр зэрекІуэкІым, Урысейм икІахэм абы щаІэ екъулІэныгъэхэм, ди лъэпкъэгъу-лъахэгъуэхэм спорт зэхьэзэхуэхэм я нэхъ лъагэм щадэтлъагъуэм адэкІэ щыгъуазэ зыдощІ.

Асэкъал Рустам

ОЛИМПИАДЭМ и 11-нэ махуэр зыхуэза шыщхьэуІум и 2-м ирихьэлІэу, Урысейм икІахэм дыщэ медалу 44-рэ, абыхэм ящыщу дыщэу - 12, дыжьыну - 19, домбеякъуэу - 13 зыІэрагъэхьакІэщ. Дыщэ медалхэм я бжыгъэм ельытауэщ къэралым къихь увыпІэр къызэрапщытэр. Абы ипкъ иткІэ Урысейр зы нагъыщэкІэ къелэбыхри, зэкІэ етхуанэ увыпІэм къыщызэтеувыІащ. Медаль бжыгъэм тепщыкІыхьмэ, абыкІэ япэ итыр США-ращ (59), абы къыкІэлъокІуэ Китайр (51), Урысейм (44) къыкІэлъокІуэ Олимпиадэм и бысым японхэр (31), Австралиеми иІэр апхуэдизэ дыдэщ.

Блэкіа махуищыр Урысейм икІа гупым яхуэІеиуэ жьпІэ хъунукъым. Псом хуэмыдэу спортсменхэм ядэщІхэр щыгуфыкІащ бадзэуэгъуэм и 31-м джатэзэхэуэмкІэ (сабельное фехтование) гуп зэпеуэ зэхьэзэхуэм щытекІуэ хъыджэбзищым: Поздняковэ Софие, Великая Софье, Никитинэ Ольгэ. 45:41 бжыгъэкІэ ахэр ятекІуащ Франджым икІа гупым. Япэ ит хъыджэбзитІым нэхъ пасэу щхьэзэкъуэ зэхьэзэхуэм медаль зырыз къыщахьакІэт: Поздняковэ Софие - дыщэ, Великая Софье - дыжьын.

Гу лъытапхъэ Урысейм и Олимп комитетым и президент Поздняков Станислав Софие и адэу, джатэзэхэуэмкІэ гъэсакІуэу зэрыщытми.

Боксымкіэ япэ медалыр (домбеякъ) Урысейм бадзэуэгъуэм и 31-м щэшэн щІалэ Хатаев Имам къыхуихьащ. ШыщхьэуІум и 1-м абы къыкІэлъытыкІуащ Замковой Андрей и домбеякъ медалыр.

Бадзэуэгъуэм и 31-р яхуэфащ метр 50-кІэ япэжьыжьэ нэщанэм щытыкІищым итУ тегъэхуэныкІэ зэхьэзэхуэм хэта хъыджэбзитІми: Зыковэ Юлие (дыжьын), Каримовэ Юлие (домбеякъ).

Олимпиадэм и 10-нэ махуэу щыта шыщхьэуІум и 1-м Урысейм икІа гупым теннисым ехъулІэныгъэ гъэщІэгъуэн къыщызыкъуахащ: цІыху тІырытІу щызэпэщІэт «микст» зэхьэзэхуэ лІэужьыгъуэм дыщэмрэ дыжьынымрэ щызэпэзыубыда лъэныкъуитІри Урысейм щыщт. Зэрагъэхьышхуэ щымыІэу, Павлюченковэ Анастасиерэ Рублёв Андрейрэ дыщэр къаІэрыхьэри, Веснинэ Еленэрэ осетин щІалэ Карацев Аслъэнрэ дыжьыныр къалъысащ.

Теннисымкіэ щхьэзакъуэ зэпеуэм дыжьын медаль щызыІэригъэхьащ ермэлы щІалэ Качанов Карен.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щыщу Олимпиадэм екІуэлІахэм я гугъу тщІымэ, Адыгэ Республикэм икІа КъуэщІысокъуэ Суханнэ батутым щыдэлъеиныкІэ зэпеуэм и финалым нэсри ебланэу зыкъыигъэлъэгъуащ. КъБР-м щыщу лъагэу дэлъеиныкІэ псори ехъулІэныгъэфІкІэ зыщыгугъа Акименкэ Михаил мыгъэрей зэхьэзэхуэм и насып хэмылъу къыщІэкІащ. ШыщхьэуІум и 1-м екІуэкІа кІэух зэпеуэм Михаил метр 2.33-рэ лъагагъым къыщыувыІэри, ехащэ ныпІэр къихьащ.

Урысейм икІа спортсменхэм я екъулІэныгъэхэм кІуэ пэтми кьыхагъахьуэ. Каменский Сергей (метр 50-кІэ япэжьжьэ нэщанэ еуэныкІэ - дыжьын; Мельниковэ Ангелинэ (спорт гимнастикэм) - домбеякъ медалхэр хьэхьащ; спринтымкІэ щыхуэз зэхьэзэхуэм хэта Шмелёвэ Дарьерэ Войновэ Анастасиерэ - домбеякъ медалхэр къахьащ. Алыдж-урым бэнэкІэм Емелин Сергейрэ Семёнов Сергейрэ домбеякъ медалыр къыщахьащ. Дыжьыныр спорт гимнастикэм щызыІэригъэхьащ Аблязин Денис.

Шыщхьэуіум и 3-м дагъэгуфІэнкІэ дащыгугъыу иджыри щІыхуитІ зэхьэзэхуэм я гуащІэгъэшэ утыку ихьэнущ. Ар КъэлэкІыхьым щыщ, гъащІэу дэлъеиныкІэ зи текІуэныгъэхэм дезыгъэсэжа Ласицкене Марием Узбекистаным куэдрэ зэрыщыпсэуам къыхэкІыу, а къэралым и цІэкІэ зыкъэзыгъэлъагъу, Адыгэ Республикэм щыщ, алыджэурым бэнэкІэмкІэ Азием щэнейрэ и чемпион хъуа Асэкъал Рустамрэщ. Ди лъэпкъэгъум сыт хуэдизу гуащІэу дыкъыщэмыщІми, дэ жьыжьэрэ гъунэгъу дылъэщІыхьэну къыщІэкІынкъым и адэм «къафэ сэлам» хуезыгъэхьа ипхъу цІыкІум. «Нарт» къэфакІуэ ансамблым хэт пщащэ ныбжьыщІэм и адэм игу хуиІэтын папщІэ, и ныбжьэгъуэхэм я гъусэу къафэ игъэзащІэу видео зытригъэхащ: «Папэ, мы къафэр уэ пхудогъэфащэ». «Апхуэдэ щыІабагъ уиІэу, мазэми ущІэмылъэтэн щыІэкъым», - къриитащ жэуап хъыджэбз цІыкІум и адэм. Нэхъ пасэу ТІэш Светланэ Рустам дригъэкІуэкІа нэтыным щІалэм Олимпиадэм зэрызыхуигъэхьэзырым щытепсэлъыхьат: «Си унагъуэмрэ сэрэ дифІ а Іэхъум хэлъмэ, Алыхьым къызитынщ сэ а текІуэныгъэр!» - жиІащ бэнакІуэм. Уи лъэпкъэгъу махуэ хъсэ дунейпсо утыку ихьэркъым. Асэкъал Рустам и цІэри адыгэ олимп чемпионэхэм я сатырым хэувауэ Тхьэм дигъэльагъу.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Павлюченковэ Анастасиерэ Рублёв Андрейрэ

Токио щекІуэкІ XXXII Гъэмахуэ Олимп джэгухэм медаль нэхъыбэ хъущызыхьахэр
(шыщхьэуІум и 2-м ирихьэлІэу)

№	Къэралыр	Дыщэу	Дыжьыну	Домбеякъуэу	Псори
1.	Китай	24	14	13	51
2.	США	20	23	16	59
3.	Японие	17	5	9	31
4.	Австралие	14	3	14	31
5.	Урысей	12	19	13	44

● Ди къуэш республикэхэм

Жармыкіэхэр къызэІуахыж



АДЫГЕЙ. «**Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и жэрдэмкІэ, Мейкъуапэ къыщызэІуахыжащ зыгъэпсэхугъуэ махуэм зэхашэу щыта жармыкІэр. Ар сэбэн хъунущ республикэм и мэкъумэшхэкІм и уасэм кІэлъыплъыныimmкІэ. Парт къудамэм и лэжьакІуэ гупым я нэІэ трагъэтщ щІыналъэм къыщыщагъэкІэхэмрэ щагъэкІэхэмрэ я уасэр драмыгъэуеиным, хадзэхэкІхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм я уасэр щІыхуэхэм хатекъэлъэу хамыгъэхъуэным.**

АПХУЭДЗ жармыкІэхэр АР-м и къалащхьэм и хьэблэ зыбжанэм къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ. Абы мэкъумэш Іэнатіэм пэрытхэм кърахьэлІэр тыншу щащэфынущ, цІыхуэхэр, дэлэлхэм тралъхьэж уасэ лейр хэмыту, пуду щыщІэхуэфынущ.

Иджыкіэ лажьэ жармыкІэм щІыпІэ 50 иІэщ. Абы хьэрычэтыщІэхэм къыщагъэкІэжрэ зэрыщагъэлъагъуэм, зэрыщащэм нэмыщІ, сатум и щхьэхэмкІэ, техуэ уасэр гъэмэщІэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэмкІэ, фейдэм и ІэмалхэмкІэ щызэчэнджащІыфынущ. Нэхъыщхьэраци, цІыхуэхэм къатемыхьэлъэу къащэхуфынуц езыхэм я хэкум къыщыщІагъэкІ ерыскъы Іэфіыр.

«Архъызрэ» «Домбайрэ» щІэупщІэ яІэщ



КЪРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **2021 гъэм и щыщылэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм зыплъыхьакІуэ мин 966-рэ щыІащ КъШР-м. Ар 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм и хьэщІахэм нэхърэ щІыху мин 331-кІэ нэхъыбэщ.**

ТУРИСТХЭМ я бжыгъэр нэхъыбэ щІэхъуам и щхьэусыгъуэр щІыналъэм и туркомплексым зэрызиужьар арауэ хуагъэфащэ. Абы хьэщІэщхэр, бгы кьежьхьІпІэхэр щІэуэ щащІащ, къищынэмыщІауэ, цІыхуэхэр къыдахьэхьи мурадкІэ зыгъэпсэхупІэхэм Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм ятеухуа фестивалхэр къыщызэрагъэпэщ.

ЗыплъыхьакІуэ нэхъыбэ зэкІуэлІэр «Архъызрэ» «Домбайрэщ», апхуэдэуи Теберда щыІэ биосфернэ заповедникым хьэщІэ и куэдщ.

КьыхэгъэщІпхъэщ Къэрэшей-Шэрджэсым и зыгъэпсэхупІэ псоми «Роспотребнадзор»-м къигъэув жыпхъэхэр кьанэ щымыІэу зэрыщагъэзащІэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Жэрдэм

Хадэхэкіым и уасэр къапщытэ

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и къызэритымкІэ, республикэм мы махуэхэм щыкІэпхъопль уасэхэр къызэгъуэу зэрагъэувым.

Партым Дзэлыкъуэ районым щиІэ къудамэм хэтхэм бадзэуэгъуэм и 26 - 27-хэм къапщытащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт тыкуэн зыбжанэ. Абыхэм ятхащ хадзэхэкІхэм я уасэхэр зыхуэдизыр, апхуэдэуи сатум и лэжьакІуэхэмрэ щэхуакІуэхэмрэ епсэлъащ, а Іуэхум я нэІэ трагъэтын папщІэ.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм къызэритымкІэ, республикэм мы махуэхэм щыкІэпхъопль уасэхэр къызэгъуэу зэрагъэувым.

Партым Дзэлыкъуэ районым щиІэ къудамэм хэтхэм бадзэуэгъуэм и 26 - 27-хэм къапщытащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт тыкуэн зыбжанэ. Абыхэм ятхащ хадзэхэкІхэм я уасэхэр зыхуэдизыр, апхуэдэуи сатум и лэжьакІуэхэмрэ щэхуакІуэхэмрэ епсэлъащ. Къэпщытэныгъэм къызэригъэлъэгъуамкІэ, хадзэхэкІыр къэзыгъэзекІым игъэув уасэмрэ ахэр тыкуэным нэса нэужь зэращэмрэ куэдкІэ зэщхьэщокІ. Щытыкіэм зихъуэжькІи щхьэкІэ жэрдэм къыхалъхьащ сату зыщІымрэ хадзэхэкІыр зеймрэ зэгурыІуэныгъэ зэрегъэщІылІэн хуейуэ, нэхъыбэу къагъэсэбэхэм я уасэм тралъхьэжыр зэрагъэмэщІапхъэр къыхэщІу.



Шэджэм районым щрагъэкІуэкІа апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, уасэхэр абдеж щызэпІэзэрыщІ, щыдрагъэуей щІыналъэм къыщыхъуа-къым. Районым щыпсэу нэхъыжьыІуэхэм я нэхъыбэр здэкІуэр бззэрырщ, щыпІэм къыщагъэкІар нэхъ къащтэри.

Тэрч районми хадзэхэкІхэм я уасэр бзэзрым къыщапщытащ, ныкъуасныгъэ гуэрхэр щатхакъым.

Налшык кьалэм лэжьакІуэ гупым хэтхэм уасэхэр щызэрагъэпщащ «Оазис», «Пятёрочка» тыкуэнышхуэхэмрэ бззэрымрэ. КъищынэмыщІауэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм кьалащхьэм щызэхэт жармыкІэм щагъэув уасэхэм кІэлъыплъ зэпытщ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм зэрыжиІэмкІэ, лэжьакІуэ гупым хагъэхьащ бынунагъэушхуэ зиІэ адэ-анэхэри. Мы Іуэхугъуэр сэбэн хуэхъуну щогугъ хадзэхэкІхэм я уасэхэр драмыгъэуеиным.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэуіум и 3. *гъубж*

◆ Хъарбызым и дунейпсо махуэщ

◆ Къэзахъстаным щагъэлъапІэ транспорт Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэр

◆ 1492 гъэм Колумб Христофор зи унафэщІ кхъухьищыр япэу зекІуэ ежьащ, Палос-де-ла-Фронтерэ испан кьалэм и кхъухь тедзапІэм Іуікіри. А зекІуэрщ абы Америкэр къыщыІэзІуихар - 1492 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м ар а щІыналъэм и Іуфэкэм ёсыІащ.

◆ 1778 гъэм Милан къыщыІэзІуахащ «Ла Скала» оперэм и унэр.

◆ 1799 гъэм урысеидзэм и кхъухьхэр Тыркум япэ дыдэу хуит ищІащ Босфор псы дэжьыпІэм къыпэрымыуэу дигъэкІыну.

◆ 1783 гъэм Куржым (Грузием) и Кьухьэпіэ інысыкъуэр Урысейм хьихьащ.

◆ 1942 гъэм ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Налшык комитетым зыхъумжьныгъэмкІэ гупэкэр кьаІэзэрыпащыным теухуа унафэ кІиущащ.

◆ 1943 гъэм щІидзащ партизанхэм «Гъущ гуэрэгум щекІуэкІ зауэ» зыфІаща операцэм. РСФСР-м, Белоруссиеми, Украинэм я щІыналъэхэм хьихьэ Гъущ гуэрэгуэр фашистхэм хуиту къыщыгъэзгъэсэбэныным, абыхэмкІэ кьрашэкІ я дзэ техникэр зэтекъутэным, зауэлІэхэр зэтеукІэным хуэгъэпсат ар. МазитІым нэблагъэкІэ екІуэкІа а зэуэкІэ лІэужьыгъуэм биим хэщІыныгъэшхуэ иритат.

◆ 1952 гъэм Хельсинки щызэхуащІыжащ XV гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Абы япэ дыдэу СССР-м и спортсменхэр хэтащ.

◆ 1958 гъэм дунейм щыяпэу псыщІагъыкІуэ кхъухь Ищхьэрэ полюсым нэсащ. Ар зыхуэзэфІэкІар США-м и «Наутилус» кхъухьырщ.

◆ 1959 гъэм Москва къыщыщІэзІуахащ Бгырыкхэм я дунейпсо конгресс.

◆ Совет щІэныгъэлІ-радиохимик цІэрыІуэ, профессор **КурчатовБорис** къызэралъхурэ илъэсы 116-рэ ирокъу.

◆ КъБР-м и цІыхубз сурэтыщІ, скульптор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **Бжэлымых Хьид** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

◆ Адыгэ усакІуэ **КІэмыргуей Анатолэ** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

◆ Публицист, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэшыкъуэ Тэзал** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

◆ Совет актёр, кинорежиссёр, Урысейм и цІыхубз артист **Бурляев Николай** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

◆ Урысей хоккеист, дунейм и чемпион, Олимп джэгухэм тІэунейрэ я чемпион, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Васильев Валерий** къызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

◆ Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Джаурджий Оксанэ** къыщалъхуа махуэщ.

◆ Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Хьэмыз Руслан** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхьэнущ.

Шыщхьэуіум и 4. *бзэрэжьей*

◆ 1662 гъэм Москва цІыхуэхэр къыщыщІэрыІэтащ домбеякъым къыщыкІыкІа ахъшэ къызэрыщІагъэкІыр ямыдэу. Ар дыжьын ахъшэм хуагъэдэкІ, я сомым къыщІэкІыр нэхъ мащІэ, ят налогыр нэхъыбэ хъуати, цІыхубзым ар ягу техуажьым икІи цІыху минипщІым нэблагъэ пащтыхьым и деж тхьэусыхакІуэ кІуэну зэрехьэжьащ. Я Іуэхум хэпльэну Романов Алексей пащтыхьымрэ абы и блыгущІэтхэмрэ цІыхубзэр къагъэгугъэри, ахэр пІалъэкІэ - дзэр къэсхьукІэ зэтраУІэфІащ. Бжэгъуэр Іэдакъэсэрэ фІэкІа зымыІыгъ цІыхуэхэм дзэр ятегуплІащ икІи а зэпэщІэтыныгъэм кьалэдэс 900 абдежым цІыхэІуэдащ.

◆ 1777 гъэм Лондон дунейм щыІэпэу цирк кІыщыщІэуэхащ.

◆ 1888 гъэм Томск кьалэм университет къыщызэІуахащ.

◆ 1892 гъэм Ульянов Владимир (Ленин) хеящІэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыну хуит ящІащ.

◆ 1902 гъэм къызэІуахащ Темзэ псы щІагъым щаугъкъуэдия лъэс зекІуэпІэр. Абы зэпищІат Лондон и хьэблитІ.

◆ Америкэм щыщ джаз музыкант, композитор цІэрыІуэ **Армстронг Луи** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

◆ Совет композитор, дзэ оркестрымрэ хорымрэ я дириж ёру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхьужь, СССР-м и цІыхубз артист, Лениным, Сталиным я щІыхькІэ щыІа саугъэтхэр зрата, генерал-майор **Александров Борис** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

◆ ЩІэныгъэлІ, абхъазадыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Куржымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

◆ Уэрэджы Іакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Шыкъ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

◆ Палестинэм и унафэщІу щыта **Арафат Ясир** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

◆ Урысей къэрал къулыкъущІ, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэу щыта **Абдулатипов Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

◆ Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Іэкіатэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

◆ США-м и президенту щыта, Нобель и саугъэтым и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

◆ КхъухьпІатхэзэхуэ, Урысейм и ЛІыхьужь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІуатэрэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Нэдым и щхьэр умытІатэу ху илъэс хьэ илъэс пщІэркъым.

● Ди къуажэхэр

Сытхэр уи псэукIэ, си жылэжь?

ЗэхъуэкIыныгъэ инхэм я лъэхъэнэм псоми къыщыщIидзэр гъэзэрщ. Дыгъэзыуфхъуэрэ десащи, дэ, псом хуэмыдэу 90 гъэхэм щыIахэр зи нэгу щIэкIахэм, ящыныкъуэхэм деж гу лъыттэхэркъым ди гъащIэм фIы и лъэныкъуэкIи зэрызихъуэжьым, щIэ гуэркэр ящIэрыхьхьэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым мы къуажи щыIэу къыщIэкIынкъым псэуныгъэм ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэ щемыкIуэкIыу: ар гъэзэгу, еджапIэ, дохутыр Iузхущ1апIэ ирехъу. Лэжьыгъэхэр зы махуи щыуныIэркъым.

- УГЪУРПЫУЭ икIи и чэзу дыдэу къыкIуэкIащ лъэпкъ проектхэр,- жеIэ Бахъсэн районым щыщ Куба къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Шыкуэ Хьэсэн - абыхэм я акъужь щIащIыгъуэр щыхьыхьощIэ ди гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым. Ар къэбгъэльэгъуэфынущ ди къуажэм и щапхъэмкIэ.

Сэ абы и псалъэхэм зыкъомкIэ щыхьэт сытехъуэфынущ, Налшык сыщылажьэми, мы къуажэм сыщопсэури. Хабзэшхэрэ нэмысыжхэрэ дэпIу икIи ефIакIуэу щыта Куба, СССР-р лъэпIэжа нэужь «хокIуэдэж» жыхуаIэм хуэкIуат: екэжри, колхозыр ягъэльэлъэжат, цIыху 3000-м нэсым лэжьапIэ хъэзыт вакъэ фабрикэри зэхуащIыжат, «хуэмеижу» къыщIэкIри - ар зэманым кьеззгъ лъэщагъкIэ зэрацуэдым къару ябгъэдэлъэтэжым. Къуажэдэсхэр зэпплъыжу къэнат, ящIэнур ямыщIэжу. Апхуэдизу щхьэлажьэ хъуати, уеблэмэ гу лъатакъым ЩэнхабзэмкIэ унэ зэрамыIэжым. Зэрызэрамыхьэжым и зэрэмкIэ ар къызэтещIат. Мыгувэу абы и махуэр кьахуэкIуэу хуежьащ вакъэ фабрикэм и унитIымрэ зэгуэр зэрыгушхуэу щыта музеймрэ. Аущ хэтыт а пост къызыдPIэухуэр?

Апхуэдэуфэ екIуэкIащ. Куба яхэхуакъым зи насыпэ къыкIахэм. А зэманым къыщыхэхэм ящыщу мыбдеж къыщыдгъэльэгъуэфынур колхозым иныгъэ гъавэщIапIэхэр къэзыухуэна фермерхэм зэрагъэщIыхьарщ. Ауэ ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIахэм ящыщакъым.

Пэжщ, жьыр здэщыта щIыпIэ дыдэм Щэнхабзэм и унэщIэ дэгъуэ къихутэжащ Къанокъуэ Арсен и тетыгъуэм. Абы къыдэкIуэу вакъэ фабрикэру щытам и унитIым ящыр къыпхуэмыщIыхужыну зэрагъэпсщыжат, хуэмыдэу унагъуэжьэ и сабийхэр пIалъэкIэ щапI хэщIапIэ къыщыщэIуаха хъуат (мы зэманым ар псантхуэ уз зэфыкIхэм щеIззэ сымаджэщым и къудамэщ). НэгъуэщI зэрызыщIитхъужьи къуажэм иIэтэкъым.

- Куэдрэ дызыпэплъа зэхъуэкIныгъэхэм кьежьапIэ яхуэхъуар «ФIагъ лъагэ зиIэ гъэзэгу шынагъэшхэр» лъэпкъ проектыращ, - жеIэ Шыкуэм. - Ар гъэззэщIэным ди республикэм яужь зэрыщыхьэу Кавказ гъэзгушхуэм кьыхэхуIащ, щIэ нуэхунущ: ахъшэ ирикъуу кьаутIыпщащи, ухуэныгъэр кьызэтеувыIэнукъым.

Я сэбэп кьекIащ «Узышнагъэ» лъэпкъ проектми. Абы Iэмал кьаритащ куэажэ амбулаторэм и унэм цIыхухэм щеIэзэ пэзыщIэхэр кьыгащIыжьыну.

УзышцыгуфIыкI хъунухэм яхэгъэхьэн хуейщ физкультурэ-спорт комплекс дэгъуэр, спортым зегъэужьыным егъэщIылIа республикэ программэм тету 2014 гъэм яухуар. И мыхьэнэр нэхъ цIыкIукъым абы и гупэмрэ иблгъумкIэ щагъуэва сабий джагуПIэхэмрэ щIымахуэми къэбгъэсэбэп хъу тренажёр зэмылIэужьыгъуэхэмрэ (псори зэхэту 11 кьэзбжащ). Ауэ ди псалъэр ныкъуэ хъунт езы щIыпIэр Налшык ХьэтIохъущыкъуэм и жыг хадзэм и лъэс зекIуапIэхэм кьаIэрымыхуу зэращIыр жьдмыIамэ. Плиткэ дахэхэр иралъхьащ, тетIысхьапIэ тыншэр щагъэуващ, уэздыгъэ гъэщIэрэщIахэр кьащхьэщыту. Ар «ПсэупIэмрэ кьалэ тепльэмрэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм ящыщщ. Иджы пщыхьэщхьэкIэрэ мыбдеж я нэгу зыщрагъэуэжь, зыщагъэпсэху жьыми щIэми.

Мы тхыгъэм кьыщыдгъэльагъуэ ухуэныгъэ псоми ахъшэшхуэ текIуэдащ - гъэзгъэхэм я закъуэ сом мелуани 155-рэ хуэзыз. Ауэ цIыхIур, абы игъэт гулъытэр нэхъапэщ псом нэхърэ.

Фэ кьывгуроIуэ Куба лэжьакIуэ куэд зыубыд Iузхущ1апIэшхуэхэр зэрыдэмытыр, абы къыхэкIыуи кьуажэдэсхэр IэнатIэкIэ гугъу зэрекьыр. Абы и лъэныкъуэм сэбэп мэхъу лъэпкъ проектхэри программэ зэмыщхьэхэри зэрагъэзащIэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, цIыху 30-м улахуэ хъарзынэ кьащIэрохьэ псантхуэ уз зэфыкIхэм щеIззэ сымаджэщым и кьудамэм, гъэ кьакIуэ ирикьыжьа и 1-м къызэIуахыну ясЛъэщIэм щылэжьнущ цIыху 12.

ЗэкIэ кьуажэдэсхэр къыдэзыхьжыр гъатхэм къыщыщIэдзаэу бжьыхьэр хэкIуэтэху екIуэкI губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхэтыжьи я уней лъапсэхэм кьыщрахьэлIэмрэщ. Куэдым хадэм зратащ, хэт Iэщышхуэ, хэти джэдкъаз егъашхэ. КIэщIу жьыIэмэ, дэтхэнэми хэкIапIэ кьегъуэт.

- Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбеки, ди районым и пIыщхьэ Балъкъыз Артур я нэIэ зэпымыууэ зэрытрагъэпыр дэ дольагъу, зэрыжаIэщи, махуэ къэс зыхьдощIэ, - жеIэ Шыкуэ Хьэсэн икIи пещэ. - Ар, дауи, гуапэщ, ауэ дэ езыхэм зэфIэдгъэкIыну ди пщэ кьыдэхуэхэри мащIэкъым. Псом япэ изгъэщыну сыкуейт кьуажэдэсхэр псыкIэ пэрыхьэтэ зыщIэгъэпэщынрэ. Мы Iэхур нэгъабэ зэрыщытам нэхърэ нэхъыфI хъуащ, кьуажэдэсхэм псы цIыкIу яхуэкIуэ хъущ, я хадэхэм щIэльэдэну. АрщхьэкIэ Балъкъ кьыкъэж икIи хэлъэдэж Невольк1э (зэгуэр ГЭС-р зыгъэлажьэу щытам) и псыщхьэм Iущ1апIэ (дамбэ) хуэщIын хуейщи, ар ди закъуэ къарукIэ тхуэзфIэкIыркъым. Апхуэдэу блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я зэхуэдитым ди узрамхэм щIалъхьа бжьамийкэр жьы хъуащи, ахэр зэтIхуэжькIын хуейщ. Абы къыщIэкIуэри псы къыщIэшыпIэщIэ дубруурнри кьыптпэщытщ. ИтIанэ псыкIэ зы гукъэуи щыIэжьинукъым. НэгъэщI лэжьыгъэхэри кьытпоплъэ. Ауэ ахэр зэрыцэфIэдгъэхьэфынум щIэ кьытехъэжьыркъым. Апхуэдэ фIэщхъэныгъэ кьытхалъхьащ лъэпкъ проектхэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

ЗекIуэрей Николай Дин и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ гъащIэм хэщIыныгъэшхуэ игъэтащ. И ныбжьыр илъэс 84-м иту дунейм ехьжащ ди къэралым и щIыпIэ куэдым фIыуэ къыщацIыху, алыдж-урым, бэнэкIэ хуит, лъэпкъ бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэмкIэ спортым и мастер, СССР-мрэ УФ-мрэ щIыхь зиIэ я тренер, «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр зрата ЗекIуэрей Николай.

ЗекIуэрей Николай Дин и къуэр 1938 гъэм щIыщылэм и 26-м Дыгулыбгъуэ къуажэм къыщащIыхуащ.

Николай и сабиигъуэр хиубыдащ зауэ, зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэхэм. Губгъуэ лэжьыгъэхэр зэпIуу имыIуэ езыхьэкI я анэхэм я гъусэу гъащIэм ипсыхьа, пасэу балигъ ищIахэм ящыщщ ар.

Курыт еджапIэр хъарзынэу кьиуха иужькIэ Николай и насыпыр кьилъхьуэну Къэбэрдейм икIащ. Спортым хэпщIа щыхъуар Украинэм и Донбасс щыналъэращ. Донецк кьалэм щыIэ, Фламыщ промышленностым и бгы-техникэ училищэм и студент ЗекIуэрей Николай 1957 гъэм алыдж-урым бэнэкIэм зыхуигъэсэн щидзащ. Сыхьэт бжьыгъэкIэ щIы щIагъэм фIамыщ кьыщыщIихыу щылажьа нэужь, щIалэр спортым зыхуигъэсэну мыщхьэхыу тренировкэхэм кIуэр.

Iэпкьлъапхъэ екIуэр ящ-ку лъэщкIэ Тхъэр зыхуэупса адыгэ щIалэм и зэфIэкIкIэ зэрылъагэр псынщIэ дыдэу наIуэ хъуащ. Спортым и мастерым и мардэхэр зэригъэзэщIам тегушхэныгъэ ин хъихилъхьарэ еджапIэ зэрагъэкIыжьа тхьилъ щхьэпэ иныгъэу, мыгувэу ар щIэтIысхьащ Ленинград дэт физкультурэ техникумым.

Еджэныгъэм и гуащIэгъуэ дыдэу абы ирашри, дзэм ираджащ икIи къэралым и Ищхъэрэ щIыналъэм къулыкъу щIащ. ЩIэныгъэ зэрыбгъэдэлъыр икIи бэнэныкIэ иIэ ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, ар спорт ротэм и тренер нэхъыжьу ягъэуващ.

Дзэм къулыкъу щIащIэн хуей пIалъэр кьиурэ, ЗекIуэрейм игъэзэжащ Ленинград дэт физкультурэ техникумым. Къыхуэнэжа курсхэр хъарзынэу кьрихьалIэжри, ЩIыгъаIэ щIалэщIэр 1966 гъэм къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжащ. Занщ1эуи тренер Iэнатlэм пэрыуващ.

1979 гъэм ЗекIуэрейм и щIэныгъэм нэхъри хигъэхъуащ. Абы къыиущ Физическэ щэнхабзэм щыхуражьаджэу Волгоград дэт къэралъ институтыр. А зэманым ирихьэлIэу «Трудовые резервы» спорт обществэм и чемпион мыззмыгIэу хъуат. Ар илъэс куэдкIэ щылэжьащ Бахъсэн къалэм дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым, бэнэкIэ хуитымкIэ тренер нэхъыщхьэ-егъэджакIуэу. ИужькIэ и унафэщI хъуащ а къалэм Олимп резервхэр щагъэхьэзыр сабий-ныбжьыщIэ спорт школ хэхам.

Илъэс хыщIым щIигъукIэ тренер Iэнатlэ мытыншым пэрыта ЗекIуэрей Николай и гъэсэн цIрыпуэхэр щыщ бжьыгъэм къыщыдэтеувыIэркъым. Олимп джэгухэм, дунейм, Европэм, СССР-м, УФ-м, КЪБР-м щекIуэкIа зэхъэзэхуэхэм япэ-ещанэ увыIэхэр кьыщахьэрэ кьыщыхэжаныкIащ ар зыдэлэжьа щIалэ 483-рэ. ЗекIуэрей Николай игъэсащ СССР-м и чемпиону 8, Урыс Федерацэм и чемпионрэ саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр зыIэрызыгъэхьауэ 30-м щIигъу. Тренер Iэнатlэм зэрыпэртрэ ЗекIуэрейм игъэхьэзыращ Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ спортымкIэ я мастеру 42-рэ.

Бэнакlуэ, тренер Iэнатlэ мытыншым илъэс хыщIым щIигъукIэ пэрытауэ пенсэм тIысыжа нэужьи, жьыджэрагъ инрэ акъыл жанрэ зыбгъэдэта тхьэмадэр Iузхуншэу щысыфакъым. Иужьрей илъэсхэм абы и гущIэ ирихьэлIащ Бахъсэн къалэм и ветеранхэм ирагъэкIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм. Пъэпкъым хуэпэжу и гъащIэр езыхьэкIа лIы махуэр дигу ихункъым, Алыхьым жэнэтыр ynaпIэ хуищI.

КъБР- м Спортымкlэ и министерствэр, Бахъсэн къалэ округым и администрацэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узынщIагъэр зэрыкIуэм и унафэщI **Къэжэр Хьусен Хьэмид и къуэм** хуогуэзавэ абы и щхьэгъусэ **Къэжэр Аминэ Iбисал и пхъур** игъуэ нэмысу дунейм зэрехьжам къыхэкIыу.

● Ди махуэгъэпс

ИкIи къыщхьэщыжакIуэщ

Рейнджерым и дунейпсо махуэр (World Ranger Day), нэгъэщIу къыжьIэмэ, Мэзгъэфэнхэр зыхъумэхэм я махуэр, ЩIы Хьурейм тет къэралхэм ящыщу 46-м гъэ къэси бадзэуэгъуэм и 31-м щагъэлъапIэ. АбыкIэ унафэ къыщащтар Рейнджерхэм я къэралзэхуакуфедерацэм (International Ranger Federation, IRF) 2007 гъэм ирегъэкIуэкIа зэIущIэр.

ГУ ЗЭРЫПЪЫТАПХЪЭЩИ, мы махуэр щыдахъэунэхукIым нэхъыбэу зытращIыхьауэ щытар щIыпIэ дахэхэм ящыщу нэхъ зыхуэсакъыпхъэхэмрэ щIыхуIэ зыльэмыIэса къэуладжэ дэгухэмрэ я кIэлъыплъакIуэхэм, зыми яхуумыщIэжьэн жыг гуэрэнхэм, Iуащхьэжьхэм я къыщыщхьэщыжакIуэхэм, мэзхъумэ къызэрыгуэкIхэм ящыщу, зи Iэнатlэм пэрыту хэкIуадахэм я фэеплъым пщIэ лей хуэщIын зэрыхуейр арат.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ. IRF зэгухьэныгъэр япэ дыдэу къыщыдзэрагъэпэщауэ щытар 1992 гъэращ. АбыкIэ жэрдэм къыхалъхьат Шотландием щыщ Iэщ1агъэпIхэу щIыуэпсым и къуэрыуэфIыгъэхэм гупьыта хэIэтыкIа яхуэщIын зэрыхуейм и телъхьэхэм.

А Iэхъумкlэ абыхэм щхьэусыгуэу яхуэхъуар а лъэхъэнэм ди планетэм и пIланэпэ зыбжанэм, псом хуэмыдэжу Африкэм зи кьалэн щызыгъэзащIэу щыIэ рейнджерхэм ящыщ куэдыр хьэкIэжхъуэкIэхэр мардэншэу къэзыухуэна фермерхэм зэрагъэщIыхьарщ. Ауэ ар, зэрыгурыIуэгъуэщи, къуажэдэсхэр зыщыгуфIыкIахэм ящыщакъым.

Пэжщ, жьыр здэщыта щIыпIэ дыдэм Щэнхабзэм и унэщIэ дэгъуэ къихутэжащ Къанокъуэ Арсен и тетыгъуэм. Абы къыдэкIуэу вакъэ фабрикэру щытам и унитIым ящыр къыпхуэмыщIыхужыну зэрагъэпэщыжат, хуэмыдэу унагъуэжьэ и сабийхэр пIалъэкIэ щапI хэщIапIэ къыщыщэIуаха хъуат (мы зэманым ар псантхуэ уз зэфыкIхэм щеIззэ сымаджэщым и къудамэщ). НэгъэщI зэрызыщIитхъужьи къуажэм иIэтэкъым.

- Куэдрэ дызыпэплъа зэхъуэкIныгъэхэм кьежьапIэ яхуэхъуар «ФIагъ лъагэ зиIэ гъэзэгу шынагъэшхэр» лъэпкъ проектыращ, - жеIэ Шыкуэм. - Ар гъэззэщIэным ди республикэм яужь зэрыщыхьэу Кавказ гъэзгушхуэм кьыкъэхуIащи, щIэ нуэхунущ: ахъшэ ирикъуу кьаутIыпщащи, ухуэныгъэр кьызэтеувыIэнукъым.

Я сэбэп кьекIащ «Узышнагъэ» лъэпкъ проектми. Абы Iэмал кьаритащ куэажэ амбулаторэм и унэм цIыхухэм щеIззэ пэзыщIэхэр кьыгащIыжьыну.

УзышцыгуфIыкI хъунухэм яхэгъэхьэн хуейщ физкультурэ-спорт комплекс дэгъуэр, спортым зегъэужьыным егъэщIылIа республикэ программэм тету 2014 гъэм яухуар. И мыхьэнэр нэхъ цIыкIукъым абы и гупэмрэ иблгъумкIэ щагъэува сабий джагуПIэхэмрэ щIымахуэми къэбгъэсэбэп хъу тренажёр зэмылIэужьыгъуэхэмрэ (псори зэхэту 11 кьэзбжащ). Ауэ ди псалъэр ныкъуэ хъунт езы щIыпIэр Налшык ХьэтIохъущыкъуэм и жыг хадзэм и лъэс зекIуапIэхэм кьаIэрымыхуу зэращIыр жьдмыIамэ. Плиткэ дахэхэр иралъхьащ, тетIысхьапIэ тыншэр щагъэуващ, уэздыгъэ гъэщIэрэщIахэр кьащхьэщыту. Ар «ПсэупIэмрэ кьалэ тепльэмрэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм ящыщщ. Иджы пщыхьэщхьэкIэрэ мыбдеж я нэгу зыщрагъэуэжь, зыщагъэпсэху жьыми щIэми.

Мы тхыгъэм кьыщыдгъэльагъуэ ухуэныгъэ псоми ахъшэшхуэ текIуэдащ - гъэзгъэхэм я закъуэ сом мелуани 155-рэ хуэзыз. Ауэ цIыхIур, абы игъэт гулъытэр нэхъапэщ псом нэхърэ.

Фэ кьывгуроIуэ Куба лэжьакIуэ куэд зыубыд Iузхущ1апIэшхуэхэр зэрыдэмытыр, абы къыхэкIыуи кьуажэдэсхэр IэнатlэкIэ гугъу зэрекьыр. Абы и лъэныкъуэм сэбэп мэхъу лъэпкъ проектхэри программэ зэмыщхьэхэри зэрагъэзащIэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, цIыху 30-м улахуэ хъарзынэ кьащIэрохьэ псантхуэ уз зэфыкIхэм щеIззэ сымаджэщым и кьудамэм, гъэ кьакIуэ ирикьыжьа и 1-м къызэIуахыну ясЛъэщIэм щылэжьнущ цIыху 12.

ЗэкIэ кьуажэдэсхэр къыдэзыхьжыр гъатхэм къыщыщIэдзаэу бжьыхьэр хэкIуэтэху екIуэкI губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхэтыжьи я уней лъапсэхэм кьыщрахьэлIэмрэщ. Куэдым хадэм зратащ, хэт Iэщышхуэ, хэти джэдкъаз егъашхэ. КIэщIу жьыIэмэ, дэтхэнэми хэкIапIэ кьегъуэт.

- Лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэм республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбеки, ди районым и пIыщхьэ Балъкъыз Артур я нэIэ зэпымыууэ зэрытрагъэпыр дэ дольагъу, зэрыжаIэщи, махуэ къэс зыхьдощIэ, - жеIэ Шыкуэ Хьэсэн икIи пещэ. - Ар, дауи, гуапэщ, ауэ дэ езыхэм зэфIэдгъэкIыну ди пщэ кьыдэхуэхэри мащIэкъым. Псом япэ изгъэщыну сыкуейт кьуажэдэсхэр псыкIэ пэрыхьэтэ зэпымыууэ. Мы Iэхур нэгъабэ зэрыщытам нэхърэ нэхъыфI хъуащ, кьуажэдэсхэм псы цIыкIу яхуэкIуэ хъущ, я хадэхэм щIэльэдэну. АрщхьэкIэ Балъкъ кьыкъэж икIи хэлъэдэж Невольк1э (зэгуэр ГЭС-р зыгъэлажьэу щытам) и псыщхьэм Iущ1апIэ (дамбэ) хуэщIын хуейщи, ар ди закъуэ къарукIэ тхуэзфIэкIыркъым. Апхуэдэу блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я зэхуэдитым ди узрамхэм щIалъхьа бжьамийкэр жьы хъуащи, ахэр зэтIхуэжькIын хуейщ. Абы къыщIэкIуэри псы къыщIэшыпIэщIэ дубруурнри кьыптпэщытщ. ИтIанэ псыкIэ зы гукъэуи щыIэжьинукъым. НэгъэщI лэжьыгъэхэри кьытпоплъэ. Ауэ ахэр зэрыцэфIэдгъэхьэфынум щIэ кьытехъэжьыркъым. Апхуэдэ фIэщхъэныгъэ кьытхалъхьащ лъэпкъ проектхэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Зэпеуэхэр

Сабийхэм я унэтIакIуэхэр утыку къохьэ

Ди къэралым илъэс зыбжанэ льандэрэ къыщыщIэзрагъэпэщауэ щыIэщ, Iуэхугъуэ купщIафIэхэри щызэфIех «Гъуэгуг1эльагъуэхэм я зэгухьэныгъэм» («Лига вожатых»). Зи лэжьыгъэр езыгъэфIэкIуэну хущIэкъу егъэджакIуэ, гъэсакIуэ, сабийхэм ядэлажьэ нэгъуэщI Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм я зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр еунэтI УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм къепха, ШколакIуэхэм я урысейпсо зэщIэхъеныгъэм (РДШ). Абы къэхихльхьауэ иджыпсту йокIуэкI вожатэхэм я къэралпсо зэпеуэ зэIуха.

УРЫСЕЙПСО зэхьэзэхуэм хэт хъунущ курыт, пощIдэзэ школхэм, сабий гъэсапIэхэм, ныбжьыщIэхэм щадзалажьэ нэгъуэщI Iуэхущ1апIэхэм я Iэщ1агъэлIэхэр, студентхэр. Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ екIуэкIыну зэпеуэм абыхэм щагъэльэгъуэнущ ябгъэдэлъ зэфIэкI зэмылIужьыгъуэхэр: дерс зэIуахэр ятынущ, веб-семинархэр ирагъэкIуэкIынущ, адэжь я мурадхэр къыщагъэнэIуэнущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэпеуэр ипэжьитIэкIэ мэхъу егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр я Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ, я пщэрыльэ Iуэхуэхэр зэрызэфIах мардэщIэхэмкIэ щызэдгъуашэ утыкушхуэ.

Гъэ къэси хуэдэу, ди республикэм и егъэджакIуэ, гъэсакIуэ ныбжьыщIэхэр, пединститутхэм я курс нэхъыжьхэм щеджэ студентхэр, хэтынущ къэралпсо зэпеуэм. Зи къарурэ зэфIэкIрэ елпIэжьну гукъыдэж зыщI Iэщ1агъэлI ныбжьыщIэхэм я Iуэ тхьилъхэр 2021 гъэм и фокIадзэм и 15 пщIондэ ягъэхь хъунущ вожатый.рф. Интернет сайтым. Абы нэхъ зэпэчрыхьауэ итщ урысейпсо утыкум уихьэфын папщIэ, зэбгъэпэщын хуей дэфтэрэмрэ тхылъхэмрэ.

Зэпеуэм къыхэжаныкIэхэм Iэмал иIэнущ УФ-м и еджапIэ нэхъыфIхэм, цIрыпIуэхэм зыпащIэу ябгъэдэлъ зэфIэкIкIэр нэхъри ирагъэфIэкIуэну, егъэджэныгъэ курс хэхахэр къаухуну.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Хъыбар кIэщIхэр

Я зэфIэкIым хагъахъуэ

Ново-Ивановскэм и мэкъумэш фермер Iузхущ1апIэм и зэфIэкI псори ирехьэлIэ шэ нэхъыбэ къыззэрыщIишьнымрэ фIагъ зыбгъэдэлъ гъэшхэкI шхыныгъуэ гъэхьэзырынымрэ.

IЭЩЫШХУЭУ мини 2-м нэблагъэ иIащи, абы и Iыхьэ щанэр жэм кьаашц. Зэман и пэкIэ илъэсым хуэзэу зы жэмым шэ тонниц кьыщIаиу щытамэ, предприятэхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщрэ, а бжьыгъэ мини 6-м нэсац. Зы жэщ-махуэм Iузхущ1апIэм шэ тонн 15-м - нэблагъэ зыхуей хуегъаз. Абы иIэщ гъэшым и фIагъэр кьыщащIытэ лабораторэ, кхъуей, кхъуейльалъэ, шатэ, шатэпс кьабзэ кьыщыщIагъэкI цехэхэр. Псом ящхьэращи, узынщагъэмкIэ зэран пальмэ дагъэ, крахмал, содэ, шэгъэфIэу Iэрыщ1хэр, ерыскъыр зэрагъэфIэу нэгъэщI пкъыгъуэ зэранхэр кьагъэсэбэпыркъым.

Iэмэпсымэщ1экIэ узэда Iузхущ1апIэм кьыщIигъэкI ерыскъы зэмылIужьыгъуэхэм хигъахъуэ зэпытщ. ЩIыналъэм и фермер Iузхущ1апIэхэм иужьрей илъэс зыбжанэм лэжьыгъэ пыухыкIахэр ирегъэкIуэкI гъэшышхуэ кьозыт Iэщ1 лъэпкъыдфIхэр зэгъэпэщыным теухуаяэ.

Предприятэм иIэщ1 щыIамахуэм Iэщ1ым ирагъэшхыну щхъуантIагъэмрэ къэуат зыщIэлъ Iусыпхъэмрэ къызэытрах мэкъумпIэхэмрэ гъавэщIапIэхэмрэ.

Иджыри унищ

Налшык зыхуей щыхуаГаазэ псэупIэхэм я бжьыгъэм къыхохьэ.

МЫ МАХУЭХЭМ лэжьыгъэр щаублащ Хъуранымрэ Горькэмрэ я уэрам зэхэкIыпIэм тет унэ зэтет 21-нэм, Хъураным, и уэрамымрэ Балъкъэр щарымрэ я зэхэкIыпIэм тет унэ зэтет 5-нэм, Хъураным и уэрамым тет 6-нэ унэм.

ТхьэмахуитI зэхуакум къриубыдэу зы унэм и щхьэр зэрахъэкIауэ унащхьэм псы пыжьыпIэхэр хуащI, унэ лъабжьэм къыщыщIэдзаэу унащхьэм нэсыху блын дэкIуейхэр яй, унэ лъабжьэ зэрыхьэлъэхэр щIэрыщIэу зэщIашхэж.

Адрей унитIми зэгъусэу йолажь: блынхэр кьагъэлъэлъауэ хащIэлыкI, унэ лъабжьэ екIуэкIхэр щIэрыщIэу щIагъэжькI. УхуакIуэхэр фэбжь къызэрамыгъэхъуным хэту мэлажьэ. Унащхьэм кьелъэлъэх сабэмрэ кIэрыхуфбжьэрыхуэхэмрэ зэхъсырзекIуэжам хэтемыхуэн хуэдэу, гъунэгъу лъэс зекIуапIэхэр щIыпIэ-щIыпIэхэм щызэхуащI. ПсэупIэ унэхэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр фокIадзэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Узышнагъэ

«Спутник-Лайт» вакцинэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы махуэхэм къыIэрыхьащ «Спутник Лайт» вакцинэр, мастэ хэлъхьэгъуэу 3100-рэ хъуэ. Вакцинэр коронавирус узыфэ зэрыщIалэм зэрыпэщIэт мастэхэр щыхалъхьэ щыпIэхэм трагуэшэнущ.

«СПУТНИК-Лайт»-р зрахьэлIэнур зи ныбжьыр илъэс 18-м щегъэжьауэ илъэс 60-м нэсу коронавирусым игъэсымэджажьмрэ нэхъапэкIэ вакцинэр зыхалъхьауэ щытахэмрэщ.

Хущхъуэр щащIащ Гамалея Н. Ф. и цIэр зезыхьэ. Эпидемиологиемрэ микробиологиемкIэ лъэпкъ къэхутакIуэ институтым. Ар къагъэсэбэпын щIадзащ мы гъэм и мэкъуэгуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ. Мы вакцинэр зы пкъыгъуэущ зэрызэхэлъыр, нэгъэщIу жьпIэмэ, мастэр зэ кьыпхаIуну аращ.

Клиникэ хъхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, «Спутник Лайт»-м и фIагъэр процент 80-м ноблагъэ (Спутник-V-м - процент 90-м щIегъу). Мастэр щыхалъхьэм ирихьэлIэу цIыхум и Iэпкьлъэпкъым антителпхэр хэтмэ, вакцинэ нэужьым ар 40-кIэ нэхъыбэ мэхъу. Хущхъуэр щыхалъхьам и епщIанэ махуэм щегъэжьауэ абы COVID-19-р кьезыхьэкI вирусхэм ущихъумэн щIедзэ.

Узыфэ зэрыщIалэхэр зыпкърытхэм еIэзэ дохутырхэм кьызэрыкагъэщIымкIэ, хущхъуэм уэмызэгъынкIэ ныкъуасныгъэ щынагъуэхэр иIэкъым, апхуэдэу щытми, цIыху щхьэхуэхэм ар зрахьэлIэ зынукъым. Абы иткIэ, япрауэ, дохутырым и чэнджэщым едэIуэн хуейщ.

«Спутник-Лайт»-р халъхьэ хъунукъым илъэс 18 иримыкIуахэм, цIыхубз уэндгъуэхэм, быдзышэкIэ сабийр зыгъашхэ анэхэм, температурэ лъагэ зиIэхэм.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэмрэ и хьэщIхэмрэ. СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ щысхэщ Мэлбахъуэ Тимбор, Маршал Жуков Георгий, Ахъуэхъу Аслъэнбий; щытхъущ Хабаровскэ крайм и унафэщI Шитиков Алексей, Лъостэн Чэлимэт сымэ. *1955 гъэ*

Сыт щIым зыщIихъуэжыр?

Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми, ди республикэри яхэту, къыщыззрагъэпэщащ щIы щхьэфэмрэ абы къыщыкI щхъуантIагъэхэмрэ хъумэнымкIэ центр.

ИУЖЬРЕЙ зэманым хъупIэхэм, псыхъуэ лъэухэм къэкIыгъэ зытемытыж щIы Iэгупlэшхуэхэм щIэхщIэхыурэ уащрохьэлIэ. АгроэкологиемкIэ къэралым и щIэныгъэ центрым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрыщыгъэгъуэмкIэ, абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ хьэпщхупщхэм, мащIэм, удз екIуэжьхэм зэребэн хущхъуэгъуэхэр, щIыпIэ-щIыпIэкIэ къыщыхъу гъаер. Аущ псом ящхьэжьыр, хабзэм тету гуэша мыхъу щIыр, Iэщ1 гъэхъуным елэжьхэм къэмэщIкI зэрыхъуам къыхэкIыу, Iэщ1ыр зы щIы кIапIэм теубыдауэ щагъэхъун хуей зэрыхъурщ.

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэми езым и Iуэху епIыкIэ иIэжщ: щIым псэкуГуэ ирамыту Iэщ1ым зэрихъэкIуркъым «къум щIыкIуэхэм» я къежьапIэ яхуэхъур - жыгхэмрэ щхьэунтIагъэхэмрэ щыхсыныншэу къраупщIыкI, мэзкуэсэхэр жьы мэхъу, «интенсивнэ» щIы елэжьыкIэ мардэм зеубгъу. Къэралым хьупIэу къигъэсэбэп щIым и процент 90-м щыгъур кьобокI е эрозием ешх. Сэкъат зыщIэта щIыр къэгъэщIэрэщIэжьым елэжьыну центрыщIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи дяпэкIэ къагъэсэбэпыну я мурадщ фитомелиорацэм ехьэлIа иджырей Iэмалыщ1эхэр: щIы тешхыхьахэм пшахъуэрэ зрагъэтIыпхэу, псынщIэу щIым зыкъезыгъэжьжьыж удз лIэужьыгъуэхэр хасэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

ЩIэныгъэлI Хьэкъун Барэсбий псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут



ФIыщIэ жыг зыхуэфащэ

Зэуэ къыхэгъэщын хуейуэ къыщIэкIынщ, - Барэсбий езыми жиIэжу зэрыщытащи, дунейм къыщытехьар бадзэуэгъуэм и 9-рщ, ауэ унагъуэм Iуэху ящIу къуажэ Советым щыкIуар бадзэуэгъуэм и 29-рати, а махуэращ сабийм хуатх тхылъым къыщагъэлъэгъуар. Нэхъыщхьэращи, а сабийм къищIыкIат адыгэ щэн зыхэлъ, адыгэгу зыкIуэцIылъ, щIэныгъэм хуеIэ, а щIэныгъэр и лъабжьэу ди лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм дыхэзыгъэплъэжа цIыху.

Барэсбий и цIэр зэхэзымыха къэгъуэтыгъуейщ, ауэ иджыри зэ фигу къэдгъэкIыжынщ абы фIыщIэ жыг хуэфащэу къыщIэтлъытэм щхьэусыгъуэ хуэхъу лэжьыгъэшхуэхэр.

1975 гъэм Черкесск къалэм дунейм къыщытехьащ къэкIыгъэцIэу зы мин щызэхуэхьэса тхылъ, адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, латиныбзэкIэ зэреджэмрэ къэкIыгъэхэм я сурэтхэмрэ иту.

Елэжьыжауэ, къэкIыгъэцIэ 1500-рэ иту, етIуанэу а тхылъыр «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 1992 гъэм къыщыдэкIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш факультетыр къэзыуха, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат Хьэкъун Барэсбий тIэу къыдигъэкIыжа «Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр» псалъалъэм фIэкIа и къарум къимыхьами, лъэпкъым Iуэхушхуэ хуэзыщIахэм ябгъэдэбгъэувэну къилэжьащ, сыту жыпIэмэ къэкIыгъэцIэхэр зэхуихьэсыныр щыстудентым игу къэмыкIамэ, а зэманым псэуа нэхъыжьхэр тIэщIэкIыу дызэупщIыни къытхуэмынэжыныр хэлът.

Барэсбий хунэсащ лъэпкъыр зыхуэныкъуэ, щIэблэхэм къахуэнэну тхылъ игъэхьэзырыну. «Къахуэнэнум» щIытезгъащIэр къэкIыгъэ, псэущхьэ, мазэцIэ, тхьэмахуэм и махуэцIэхэр, бжыгъэхэр, нэгъуэщI куэдри урысыбзэкIэ жытIэ дызэрыхъуарщ. Псалъэм папщIэ, мятэ, ромашкэ жыдоIэ, бэрэтIинэ, шынэ-шынэ адыгэ фIэщыгъэхэм дыщыгъуазэкъыми. Хэт абы щхьэкIэ дгъэкъуэншэнур, сабий садым къыщыщIэдзауэ колледжхэмрэ университетхэмрэ щыщIэкIыжу щIэблэр адыгэ дунейм хэзыгъэгъуазэу яджымрэ зэхрагъэхымрэ мащIэ дыдэмэ.

ГъэщIэгъуэнтэкъэ, лъэпкъыр щыпсэу щIыпIэм щызекIуэмрэ, щызелъатэмрэ, къыщыкIымрэ цIэ фIамыщатэмэ. Апхуэдэ къэхъу хабзэкъым, ауэ нэгъуэщIым и бзэр къыщыптегуплIэкIэ, ууейр пIэщIегъэху. Абы тещIыхьауэ уеплъмэ, Барэсбий къэкIыгъэцIэхэр тхауэ къызэрытхуигъэнар фIыгъуэшхуэщ, дунейм набдзэгубдзаплъэу дызэрытетам, анэдэлъхубзэм и дахагъэм я щыхьэтщи.

НэгъуэщI зы лэжьыгъэшхуи иIэщ мы щIэныгъэлIым. «Мылъкум ефIэкI хъугъуэфIыгъуэ. Адыгэхэм я мэкъумэш, ботаникэ щэнхабзэр» - аращ 2002 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIам фIищар. Тхылъым и редактор Джэрыджэ Арсен зэрыжиIэщи, «Барэсбий хузэфIэкIащ дызэсэжауэ гу зылъыдмытэж е дызыщыгъуазэу щымытагъэххэ куэдым адыгэнэрэ адыгэгукIэ ириплъэжу ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуж Iэджэм адыгэпсэ къыIуигъэкIэжын».

Инжыджышхуэрэ Инжыдж ЦIыкIурэ я Iуфэхэм Iус адыгэ жылэхэм язщ Хьэкъуныр къыщалъхуа Хьэбэз къуажэр. ТхакIуэ, усакIуэ, журналист, сурэтыщI, щIэныгъэлI куэд къыдэкIащ мы адыгэ къуажэхэм, дэтхэнэ зыми фIыщIэ жыг хуэфащэу.

Абыхэм ящыщу щым я бюст ирагъэуващ Хьэбэз къуажэм и зыгъэпсэхупIэ жыг хадэм. Ахэр Шыбзыхъуэ МутIалиб, МыкIытIэ Щыхьымбий, Хьэкъун Барэсбий сымэщ. Япэр райисполкомым щиунэфэщIам хузэфIэкI къигъэнакъым цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр иригъэфIэкIуэным теухуауэ. МыкIытIэр Хэку зауэшхуэм хэтащ лIыгъэ игъэлъагъуэу. Барэсбийщи - абы и щIэныгъэмрэ лъэпкъым хуилэжьыфамрэ щапхъэу къэнэн хуейуэ къызэралъытар гуапэщ.

Барэсбий и тхыгъэхэм зи гугъу щищIу щыта гуэр иджыблагъэ слъэгъуат Сочэ телевиденэм и «ХъыбарыщIэхэм» хэту. Пэжыр жысIэнщи, уадыгэ дэнэ къэна, сыт хуэдэ лъэпкъыу ущытми, уи гур зыгъэузын теплъэгъуэт ар. «Черкесская груша» - аращ фIащар а теплъэгъуэм, зи гугъу ящIри Аибгъэ къуажэм и кхъужьей жыг хадэрщ. «Русское географическое общество» жыхуаIэм Сочэ щиIэ къудамэм и IэщIагъэлIхэм крайм и унафэщIхэм гу лърагъэтэну яужь иту аращ кхъужь лIэужьыгъуэ гъэщIэгъуэныщэр къегъэлын, зыкъегъэужьыжын зэрыхуейм. Ар щIэщIапхъэри селекционерхэмрэ тхыдэтххэмрэ я псалъэ жегъэIэн, щIыналъэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм ебгъэлъагъумэ яфIэгъэщIэгъуэныну зы щIы Iыхьэ къэгъэщIэрэщIэжын хуейуэ къалъытэри аращ. Уеблэмэ къыхагъэщащ, европей кхъужьIэрысэ куэдым къежьапIэ яхуэхъуар хы ФIыцIэ Iуфэ ираша кхъужь лIэужьыгъуэрауэ жаIэри.

Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт, илъэси 150 - 200, уеблэмэ нэхъыбэж зи ныбжь кхъужьейхэр иджыри зэфIэтщ, хэзысахэм къатехьа лейр цIыхуцIэ зиIэм щамыгъэгъупщэныр къалэн зыщащIыжам хуэдэу.

Сэ фIыуэ сцIыхуу щытащ Барэсбий, шэч къытезмыхьэу жысIэфынущ: дунейм фIыгъуэу тетым нэхърэ нэхъ къищтэнт адыгэхэм, абазэхэм, абхъазхэм я IэкIэ ирагъэфIэкIуа кхъужь лIэужьыгъуэхэр лIэщIыгъуэхэм къыпхызыха жыгхэм я гугъу зэращIа къудейр зэхихыну.

Губзыгъэм гурыгъуази (интуиция) иIэщ. Барэсбий езыр цIыху гъэсат, и гур зыхуеIэр захуагъэрэ дахагъэти, и фIэщ хъурт дапщэщми зэ мы жыгхэм цIыхухэр зэрыхуеплъэкIыжынур. Ди зэманым псори нэхъ зытращIыхьыр зыплъыхьакIуэхэр здашэн щIыпIэ «къагъуэтыжын» е IэрыщIым къыхагъэхъуэнращи, хужыпIэн бгъуэтынущ цIыхум и зэфIэкIымрэ тхыдэмрэ щызэхэшыпсыхьа мы жыг хадэм.

ШИРДИЙ Маринэ.

ХЬЭКЪУН Барэсбий

Хэкужь жыг хадэхэр

АДЫГЭ лъэпкъым жыг Iэрысэ жыг хадэ къэгъэкIынымкIэ, зехьэнымкIэ зи пщэ умыкIуэжыфын, илъэс мин бжыгъэ зи ныбжь къекIуэкIыкIэ иIэщ. Ар къызыхэкIар, япэрауэ, езы лъэпкъым илъэс мин куэдкIэ и Хэкужьу Кавказ Ищхъэрэр имыбгынэу, хамэ къатегуплIэмэ, япэщIэтыфу, захимыгъэшыпсыхьу къызэрекIуэкIарщ. ЕтIуанэу, ди Хэкужьыр жыг, гъурц зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къызэрымыкIуэу бейти, абы хэпсэукIыурэ, а илъэс мин бжыгъэ куэдыр къакIуащ адыгэхэм. Ещанэу, адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ зэрахьа мажусий диным къигъэуву щытагъэнущ ди цIыхухэр къэкIыгъэхэм, жыгхэм, жыг Iэрысэхэм, дин IуэхукIэ, культ IуэхукIэ зэрыбгъэдэтар. Мы гупсысэм и щыхьэтщ Дж. Фрэзер и тхылъ «Магия и религия» жыхуиIэм щитхыр: *«Адыгэхэм къызэралъытэмкIэ, кхъужьейм Iэщхэр къехъумэ. Абыхэм мэзым деж кхъужьей жыгыщIэ къыщыпаупщIырт, ухъуэнщIауэ къахьырти, тхьэ пэлъытэу унэм щаIыгът. Дэтхэнэ зы унагъуэми апхуэдэ кхъужьей иIэщи, ар бжьыхьэм, махуэ лъапIэм ирихьэлIэу, унэм щIахьэ, гуфIэгъуэ гуо макъымрэ пшынауэ макъымрэ ягъэшу, ар зэрыщIахьэр яхуэмахуэну хъуахъуэхэурэ. Пхъэм шэху уэздыгъэхэр палъэ, и щхьэпэм кхъуей кIэращIэри, и хъуреягъыр къафыхь, уэрэд жаIэ, йошхэ, йофэ. Ар зэфIэкIауэ кхъужьейр унэм къыщыщIахыжкIэ псори къыкIэлъыщIокI. ИужькIэ гъущапIэм щIагъэувэри, етIанэгъэ бжьыхьэ пщIондэ щаIыгъ...».*

Хъан-Джэрий хэхауэ тетхыхьауэ щытащ Фрэзер зи гугъу ищIа бжьыхьэ махуэ лъапIэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, а махуэр зыхуагъэлъапIэу щытар мэкъумэшым и тхьэ Созрэщт. Хъан-Джэрий зэритхыжымкIэ, кIахэ адыгэхэм гъавэр къврахьэлIэжа нэужь, а махуэр зэрагъэлъапIэу щытар мыпхуэдэущ: *«ХьэмкIутIейкIэ зэджэ жыгым и пхъэ, къудамэ кIэщIу блы тету, дэтхэнэ адыгэ унагъуэми и гуэным щехъумэ. Созрэщ и пшыхьыр къызэрихьэу (гъавэр Iуахыжа нэужь), унагъуэ къэс зэхуосыжри, хьэмкIутIей пхъэр гуэным къыщIах, къахьри унэ утыкум ирагъэувэ, къудамэ кIэщIхэм шэху уэздыгъэ палъэри, щхьэмцIэу тхьэ йолъэIухэр».*

Апхуэдэ щытыкIэхэр куэду зэхэту и лъабжьэщ адыгэм и жыг Iэрысэ, жыг хадэ гъэкIын, зехьэн щэнхабзэшхуэм.

ИпэкIэ дыкъызэрытеувыIащи, а щэнхабзэшхуэр убгъуауэ къыхощ адыгэхэм я нарт хъыбарыжьым икIи лъэпкъым и эпосым пщIэшхуэ щыхуещI санэм (виноград), мыIэрысэм, кхъужь Iэрысэм. Ауэ лъэпкъым и жыг хадэ гъэкIыкIэм, зехьэкIэм тхылъым мащIэущ узэрыщрихьэлIэр. А мащIэхэм ящыщщ ботаник Медведев Я. С. 1889 гъэм Тифлис къыщыдигъэкIа «Деревья и кустарники Кавказа» тхылъыр, Абрамов Я. и «Кавказские горцы» тхылъыр, Мичурин И. В. адыгэ жыг хадэхэмрэ жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэхэмрэ щытепсэлъыхь тхыгъэхэр, профессор Тхьэгъущ Нухь и тхылъхэмрэ и тхыгъэхэмрэ. Абы къыхэкIыуи жыг хадэ гъэкIыным пыщIа ди щэнхабзэм щыгъуазэр цIыху мащIэ дыдэщ. Уеблэмэ жыг Iэрысэ гъэкIыным адыгэхэм хащIыкI щымыIэу, урысхэм абы дыхурагъэсауэ жызыIэ щIэныгъэлIхэри къытхокI. Ауэ Iуэхум и пэжыпIэр жыпIэнумэ, пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыгхэр хъумэн, абыхэм якIэлъыплъын хабзэр адыгэхэм къазэрыдекIуэкIрэ куэд зэрыщIам шэч къытепхьэ хъунукъым. Абы и IуэхукIэ, хъыбарыжьхэм къыщымынауэ, ятхыжауэ къэнахэми урохьэлIэ. Псалъэм папщIэ, адыгэхэр Истамбыл щрагъэкIа лъэхъэнэм псэуа, адыгэ псэукIэм щыгъуэза, я мэкъумэш, жыг Iэрысэ гъэкIын щэнхабзэ лъагэр зи нэрылъэгъуа Абрамов Я. узэрыгушхуэ хъун куэд итхыжащ. Абыхэм ящыщщ адыгэхэм я жыг хадэхэм, мэзхэм хуэдэу, къуакIи тафи яуфэбгъуу зэрыщытар, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм хуэгъэзауэ абы итхауэ «Лъэпкъ ботаникэ щэнхабзэр» Iыхьэм дызыщытепсэлъыхьар. Адыгэ лъэпкъышхуэр зэрыраулъэпсыкIар, абы и мэкъумэш, жыг Iэрысэ гъэкIын щэнхабзэ лъагэр къызэрагъэсэсхыжар зи нэгу щIэкIа лIы губзыгъэм игу, ил мыузу къэнакъым икIи мыпхуэдэ псалъэхэр итхыжыгъащ: *«Япэм бгырыс куэд щыпсэуа щIыпIэхэр иджы нэщIщ, къэзакъхэм къахуэгъэсэбэпыркъыми. КъызэрыщIэкIымкIэ, къэзакъ цIыхухэр бгылъэ щIыпIэм зыкIи тегъэпсыхьакъым икIи тепсэухыфыркъыми, Урысей къэралым ахъшэ къахуиутIыпщыну къыхудохуэ ахэр зэтриIыгъэн щхьэкIэ... 1868 гъэ закъуэм Кубань (Псыжь) областым деж зэрыщымыпсэуфым, щIым зэрытемылэжьыхьыфым къыхэкIыу къэзакъ станицэ 12 зэбграутIыпщыкIыжауэ щытащ... Мы щIыпIэхэу иджы урысхэр зыщымыпсэуфым япэм адыгэхэр куэдыкIейуэ щыпсэурт, щIым фIы дыдэу, фейдэ яIэу елэжьырт.*

Адыгэхэр хэкум ирахуа нэужь, япэм губгъуэ, мэкъупIэ хьэлэмэту щытахэр банэкIэ зэщIэкIэжащ икIи хэкIуэдэжащ. Жыг Iэрысэ, жызумей хадэ беищэхэр мэзу зэхэкIэжри кIуэдыжащ. Ауэ иджыри къэс бгылъэ джабэхэм къыщыкI жызумейхэмрэ адыгэм и архитектурэ къызэтенахэмрэ щыхьэт тохъуэ мы хэкум псэукIэшхуэ зэрыщыIам икIи а щIыдэлъху цIыхухэр къызэрымыкIуэу лэжьакIуэшхуэу зэрыщытам».

Мыпхуэдэ тхыгъэхэмкIэ Абрамовым къэзакъ станицэщIэ яухуахэм дэсхэр къыхуриджэрт адыгэ жыг гъэкIыкIэм, мэкъумэш щэнхабзэ лъагэм и лIэужьхэр хьэрэм щIын, гъэкIуэдыпэн зэрыхуэмейм. АрщхьэкIэ пащтыхь унафэкIэ къагъакIуэу ди Хэкужьым кърагъэтIысхьа урыс цIыхухэр зыкIи хуэхьэзыртэкъым адыгэ жыг Iэрысэ гъэкIын, мэкъумэш зехьэн щэнхабзэм кIэлъыплъу, зыхалъхьэу я гъащIэм къыщагъэсэбэпыну. Уеблэмэ пащтыхь унафэщIхэм урыс цIыхухэр а щэнхабзэр Iумпэм зэращIыным, зэрагъэкIуэдыпэным къыхураджэрт.

Абрамов Я. «ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм» гупсэхуу щытопсэлъыхь джабэ нэкIуэхэр, къуакIэбгыкIэхэр ягъэзахуэурэ жызумей хадэхэр, жыг хадэхэр, гъавэ щIапIэ, мэкъупIэ хъарзынэхэр адыгэхэм къызэрагъэпэщу зэрыщытам.

Апхуэдэ бгылъэ къуейщIейхэр бгъэзахуэурэ къэбгъэсэбэпын щхьэкIэ къызэрымыкIуэу къаруушхуэ лъэпкъым къуэлъын, щIым зэрелэжь Iэмал куэд зэхэбгъэкIыфын, лIэщIыгъуэ куэд зи ныбжь щIэныгъэрэ щэнхабзэрэ уиIэн хуейщ. Джабэ нэкIуэхэр, къуакIэбгыкIэхэр гъэзэхуауэ жыг хадэ, жызумей хадэ, гъавэ щIапIэ щIын Iуэхугъуэр (урысыбзэкIэ - террасное земледелие, террасное садоводство) дуней псом цIыхум и щэнхабзэ нэхъыщхьэ дыдэхэм щыхабжэ. Ди лъэпкъ гурыхуэм апхуэдэ щэнхабзэ щэджащэ зэрыбгъэдэлъар дэзыгъэлъагъуж тхыгъэжьхэм я уасэр дэркIэ мылъытэщ. А псом нэмыщIыжу Абрамовым и тхыгъэхэр тхыдэ тхылъщ, «щэнхабзэ диIакъым» жаIэу зигурэ зи щхьэрэ зэбгъэж, адыгэ щэнхабзэ псом и IуэхукIэ тегъэщIапIэншэу зыкъэзылъытэж куэдым я дежкIэ гузэрыгъэубыдыжщ.

Сэ сызэригугъэмкIэ, «террасэ щIын» мыхьэнэр адыгэбзэм деж къыщагъэлъагъуэ «тIыгъэ», «щIыпкIэлъей» псалъэхэм. Псалъэм папщIэ, Хьэбэз къуажэм и Iэхэлъахэм щыIэщ «Къамбот и тIыгъэ», «ЩIыпкIэлъей» я цIэу щIыпIэ. Езы джабэми щIы гъэзэхуа куэд кIэрылъщ. Адыгэхэр щIым зэрелэжьу щытам и лъэужьщ ахэр. Апхуэдэ щIы гъэзэхуахэм щIыгулъыр (гумусовый горизонт, гумус) псым крымыхьэхыу хъума щохъу, щIым елэжьыным и фейдэм куэдкIэ хохъуэ.

Адыгэхэм я жыг Iэрысэ, жыг хадэ гъэкIыкIэм гу къабзэкIэ теткъыхьахэм ящыщщ ди къэралым къыщымынэу дуней псом щыцIэрыIуэ ботаникышхуэ, генетик лъэщ, академик Жуковский П. М. Иджыри къыздэсым зи лъапсэр мыкIуэдыжа адыгэ жыг хадэ, жызумей хадэ бгынэжахэр щIиплъыкIын, къиихутэн папщIэ адыгэ хэкум къакIуэурэ абы мызэ-мытIэу къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. ИкIи жыг Iэрысэ, жыг хадэ гъэкIын, зехьэн IуэхукIэ ди лъэпкъым ныбжь ин дыдэ къэзыгъэщIа щэнхабзэшхуэ, щIэныгъэ лъэщ зэрыбгъэдэлъыр гъуэзэджэу, щIимыхъумэIауэ итхыжащ. Дуней псом къызэрымыкIуэу мыхьэнэшхуэ щызиIэу къалъытэ «Культурные растения и их сородичи (систематика, география, цитогенетика, экология, происхождение, использование)» тхылъ иным ар гъунэншэу, хуэмыIуэтэжу щытопсэлъыхь адыгэхэм жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэ куэд яIэу зэрыщытам, абыхэм я фIагъым текIуэн иджыпсту зэрыщымыIэм. Сыт хуэдэ жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэм темытхыхьами, ар Iэмал имыIэу адыгэхэм я жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэхэм къытоувыIэри, гупсэхуу топсэлъыхь, уеблэмэ адыгэбзэкIэ абыхэм я цIэ къехь. Академик Жуковскэр апхуэдэу кууэ, гъуэзэджэу адыгэ жыг Iэрысэ, жыг хадэ гъэкIын щэнхабзэм щIытетхыхьар адыгэхэм зыгуэркIэ ягу зрезгъэхьынщ е а лъэпкъым фIагъэкIуэдар къезгъэщIэжынщ жиIэу аратэкъым, атIэ узыблэкI мыхъун, къызэрымыкIуэу щэнхабзэ лъагэти аращ, дэхуэхар IэщIыб хъумэ, кIуэдыпэмэ, дуней цIыхубэ псор зыхунэмыIэсыжыну Iуэхугъуэти аращ, жыг Iэрысэхэм я геноцентр инти аращ.

Феджэт академик Жуковскэм и тхылъым къыхэсха мы пычыгъуэ щхьэхуэхэм:

«Краснодар крайм къыщызэтенащ ныбжьышхуэ зиIэ Хэкужь жыг хадэхэр. Абы къыщыкI жыг Iэрысэхэр, къызэрыщIэкIамкIэ, куэдрэ псэу, гъэ къэс къызыпыкIэ лIэужьыгъуэхэщ. Адыгэ жыг хадэжьхэм я лIэужьхэр нобэр къыздэсым щыIэщ пхъэщхьэмыщхьэ къапыхухэм я жылэхэм къикIыкIыжа жыгыщIэ цIыкIухэмкIэ икIи адыгэ жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэхэм я генхэр абыхэм яхъумащ. Абыхэм мыкIуэдыжауэ яIэщ мыпхуэдэ щытыкIэхэр: я пхъэщхьэмыщхьэхэр хуабжьу IэфIщ, бэгъуауэ къапокIэ, пIалъэ кIыхькIэ тIыгъуэу щылъщ, езы жыгхэри куэдрэ мэпсэу». «... Мэзыжьу зэщIэкIэжа щIыпIэхэм дэшхуейхэм уащыхуозэ, жыгышхуэ зырызу е зыбжанэу зэхэту. Ахэр, мэзгъауэхэр зэрынэмысам къыхэкIыу, памыупщIу къэнащ икIи 1864, 1876 гъэхэм хэкур зрагъэбгынэу Азие ЦIыкIум яхуа адыгэхэм къащIэна мывэ къалэжь, жылэжь зэхэкъутахэм хэтщ». «Кавказым мащIэрэкъым узэрыщыхуэзэр куэд щIауэ яутIыпщыжа адыгэ жыг хадэжьхэм (иджы къызэрымыкIуэу зэщIэкIэжахэмрэ зызыхъуэжахэмрэ). Ахэр зеяхэр Азие ЦIыкIум яхуауэ щытащ. Жыг Iэрысэхэм къапыху пхъэщхьэмыщхьэхэм я жылэм къикIыкIыжа жыгыщIэхэр зэмылIэужьыгъуэ куэду зэщхьэщокIри, хъупхъэхэххэм (селекционерхэм) я дежкIэ узыблэкI мыхъунщ, яхуэмыгъуэтщ, мыхьэнэшхуэ зиIэщ».

ИщхьэIуэкIэ дытепсэлъыхьат адыгэхэм мэз гъэкъэбзэныр, мэзым къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм нэгъэсауэ якIэлъыплъыныр зэрахабзэм. Жуковскэм а гупсысэр нэхъ егъэнахуэжыр, мэзым езыр-езыру къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэфIхэм я къудамэщIэ цIыкIухэр дагъакIэурэ мэзыр жыг хадэ ящIу зэрыщытар къеIуэтэжри. Ауэ сытми къэхъуакъым мыпхуэдэ щIыпIэ фIэщыгъэхэр: «Мейкъуапэ», «Зеикъуэ», «Пыжьгуэн», «Меймэз», н.къ. Къуажэхэр здэщыс щIыпIэхэм мэзхэм къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр ирагъэфIакIуэурэ, езы мэзхэр ягъэкъабзэурэ жыг хадэм хуэдэу ящIу щытащ. Абрамовым адыгэхэм я «леса-сады» жыхуиIэращ мы зи гугъу тщIа фIэщыгъэхэр нобэр къыздэсым зезыхьэхэр.

Хэт ищIэрэ лIэщIыгъуэ дапщэ и ныбжьми, сыт и къежьапIэ хъуами, ауэ шэч хэлъкъым зэрыхабзэфIым ди лъэпкъым сабий къащыхэхъуэкIэ хэхауэ жыг лIэужьыгъуэ хухасэу зэрыщытар: пщащэ цIыкIумэ - къыпцIей, шэдыгъуей е пхъэгулъей, щIалэ цIыкIумэ - Iэмал имыIэу кхъужьей е кхъужь Iэрысей, мей е мыIэрысей. Абы адэкIэ, сыту хабзэ дыщэу адыгэхэм къагъэщIауэ тхэлъа зи къуажэ, зи лъэпкъ къыщхьэщыжахэм, лIыгъэрэ цIыхугъэрэ зезыхьахэм фIыщIэ жыг хуагъэтIысу зэрыщытар! Жыг гъэкIыным ехьэлIа мыпхуэдэ IуэхугъуэфIхэр нобэр къыздэсым лъэпкъым и гум имыхужауэ къокIуэкI, куэдрэ уримыхьэлIэжми. Псалъэм папщIэ, цIыхум гукъинэж къащыхъуауэ щытащ Шэрджэсым и Елбыргъэн къуажэм щыщу зауэ блэкIам хэкIуэда дэтхэнэ зы цIыхуми и цIэкIэ еджакIуэ цIыкIухэм жыг зэрыхасар, «Мы жыгыр мыпхуэдэм хухаса фIыщIэ жыгщ» псалъэхэр тетхауэ. Сыт атIэ адыгэ къуажэхэм а хабзэфIыр къыщIэдмыублэжыпхъэр?

Адыгэхэм къахэкIа еджахэм лъэпкъ щэнхабзэм теухуауэ нэхъыбэу гулъытэ зыхуащIу щытар IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынырщ. Жыг Iэрысэ, жыг хадэ гъэкIын, мэкъумэш, ботаникэ, зоологие щэнхабзэшхуэу дбгъэдэлъыр хъумэным зыри пылъакъым. Жыг хадэ гъэкIынымкIэ адыгэхэм апхуэдизкIэ щэнхабзэ лъагэ яхэлъащи, ар къэптIэщIыжыну ухежьэмэ, зылI къарур хуабжьу мащIэнущ, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институткIэ е щIэныгъэлI гупкIэ еувэлIэн хуейщ. Армырами зэман куэдыIуэ блэкIащ мы Iуэхугъуэм теухуауэ адыгэ еджагъэшхуэхэм «Iым» зэрыжамыIэрэ. Черкесск, Налшык, Мейкъуапэ дэт щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтхэм апхуэдэ щыIауи ямыщIэм хуэдэщ. А щэнхабзэшхуэ-тхыдэшхуэу яхь-яшхым хэкIуэдам и кIамэлъамэ къэнэжахэр, щIэныгъэлIхэр дызэбгъэдэувэу, дызэдэIэпыкъуурэ сэтей къэдмыщIыжмэ, лъэпкъым къытхуимыгъэгъун щIэщхъущ.

Урыс-Кавказ зауэшхуэм щыгъуэ Хэкужьыр зрагъэбгынауэ щыта адыгэхэм къащIэна къуажэ щысыпIэхэр мэзыжьу зэщIэкIэжауэ ноби уахуозэ. Абыхэм деж, дэ къытпэплъэ, къэдгъэщIэрэщIэжыну къытщыгугъ хуэдэ, жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэхэм, жыг хадэжьхэм нобэр къыздэсым мыкIуэдыжыпауэ зыщаIыгъщ. ПхужыIэну пIэрэ а Iуэхум пэлъэщын щIэныгъэрэ мылъкурэ адыгэм димыIэу. Тхуримыкъур абы дызэрыпэщIэувэн зэхэщIыкIрэ ерыщагъэрэщ.

Лъэпкъым и блэкIам, щэнхабзэ бгъэдэлъам щIэблэр щIэтпIыкIыфмэ, ахэр нэхъ гъэса хъунт, лъэпкъ гупсысэмрэ лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ нэхъ заузэщIынт.

Эдмонд Спенсер Адыгэ Хэкужьым тIэунейрэ къэкIуэгъауэ щытащ - зэм Кърымым къикIыу, етIуанэм хы ФIыцIэ гъуэгукIэ Тыркум къикIыу. Абы зригъэлъэгъуащ хэгъэгухэу Шапсыгъыр, Убыхыр, Нарткъуажэр, КIэмыргуейр, Абазэхэр. НэIуасэ захуищIауэ щытащ абыхэм щыпсэу адыгэ лIакъуэхэм я псэукIэщыIэкIэм, я хабзэм, я шыгъэлIыгъэм, я щэнхабзэм, уеблэмэ мэкъумэш, Iэщ зэрызэрахьэм, жызумейхэмрэ жыг хадэхэмрэ къызэрагъэкIым. Урыс-Кавказ зауэ лъэхъэнэм Хэкум къихьэ урыс къэхутакIуэхэм, тIасхъэщIэххэм сыт щыгъуи зэрахуэр бгырысхэр зэрагъэулъиин Iуэхут, абыхэм я нэхъыбэм адыгэхэм мэкъумэш лэжьыгъэ лъэпкъ зэфIамыхыу, хъунщIэнрэ дыгъуэнрэ фIэкIа Iуэху зэрамыхуэу жаIэрт. Ар зэрыпцIыр Европэм щыпсэу цIыхухэм яхуиIуатэу Спенсер мыпхуэдэу итхащ: *«Дэ дытепсэлъыхьыфынущ а пцIыр къыщIэзыгъэщ щытыкIэхэм. Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ Адыгэ Хэкум (Черкесием) укъыщимыхьами - е Тыркум, е а езы Урысей дыдэм укъикIыу, зэуэ уи гуапэ мыхъуу къанэркъым цIыхухэм я шыфэлIыфэр, мэкъумэшыр, Iэщ хъушэхэм я теплъэр мыбдежым зэрыщынэхъыфIыр. Къуажэхэр псыхъуэхэмрэ аузхэмрэ дэсщ. Абыхэм дэт унэхэр инкъым, ауэ къабзэлъабзэщ, щхъуантIагъэм щIигъэнащи, я теплъэр къызэрымыкIуэу дахэщ. Япэ дыдэу тафэ лъэныкъуэмкIэ Хэкум сыщихьам дунейм и теплъэмрэ цIыхухэм я щытыкIэмрэ сэ сызэрыгугъам нэхърэ куэдкIэ нэхъ дахэу къыщIэкIащ. Дэ зэхэтхыу щытам - цIыху хьэкIэкхъуэкIэхэр гупурэ здыщызеуэ къуакIэбгыкIэ нэщIхэм я пIэкIэ, къызэрыщIэкIамкIэ, мы Хэкум и нэхъыбэр гъуни нэзи зымыIэ, зыр зым кIэлъыкIуэ мэкъумэш губгъуэ бейхэщ е цIыхур зытелэжьыхь джабэхэщ. ЦIыхухэм дэнэ щIыпIи сыщахьэхурт Iэдэбагъырэ гъэсэныгъэрэ зэрахэлъымкIэ, я хабзэ дахэмрэ хьэщIагъэ къызэрыдахымкIэ... ЦIыхум къамыгъэсэбэп зы щIы Iыхьэ цIыкIуи мыбы ущрихьэлIэнукъым. Мэл, бжэн, хыв хъушэхэр, шы гуартэхэр щагъэхъурт хъупIэ щхъуантIэ дахэхэм».*

Эдмонд Спенсер мызэ-мытIэу къытригъэзэжурэ цIыхухэм, лъэпкъхэм я пащхьэ ирелъхьэ адыгэхэр цIыкIуи ини зэрылэжьакIуэшхуэр, мэкъумэш щIэным, Iэщ, шы гъэхъуным IэкIуэлъакIуэу зэрыпылъыр. Абы зэрыжиIэмкIэ, адыгэхэм хуэдэу шы фIыуэ зылъагъу, узыфIэмыкIыжыну зыгъэсэф, шыр зейм и унафэхэр игъэзащIэу зезыгъэкIуэф зы лъэпкъи дунейм тетакъым. Ахэр псори лъэпкъым и щэнхабзэшхуэм щыщащ.

Спенсер Адыгэ Хэкужьым нэхъ жыжьэу щихьам щыгъуэ илъэгъуахэм аргуэру зэ къыщытеувыIэжащ и тхылъым, адыгэхэм я псэукIэр, я мэкъумэш, Iэщ зехьэкIэр, жыг хадэ гъэкIыкIэр, я хабзэр нэхъ щыпкъагъ хэлъу дуней псом яригъэлъагъун щхьэкIэ: *«Сэ иджыпсту Хэкум икIуу къэплъытэ хъунум сынэсащи, абы сызэрытетхыхь щIыкIэр нэхъ тэрэзын хуейщ. Пэжщ, сэ сызэрыщыгуфIыкIам хуэмыдэжу хуабжьу сфIэгъэщIэгъуэн хъуащ мыпхуэдэ щIыпIэ пхыдзам мэкъумэш щэнхабзэр къызэрымыкIуэу зэрыщылъагэр, гъавэхэкIхэмрэ хадэхэкIхэмрэ зэрыщыбэвыр, сыту жыпIэмэ дэ ди фIэщ ящIат мы хэкум щыпсэу цIыхухэр иджыри къэс хьэкIэкхъуэкIэ псэукIэм тету. Мыбыхэм я унэ цIыкIухэр зэкIэлъыкIуэхэу псыхъуэ еххэм дэтт е бгы лъапэхэм кIэрытт. ИкIи ахэр я къабзагъэкIэ къакIэрыхуртэкъым тироль е швед бгырысхэм яйм. Мыбдежым зэм щыплъагъунут бжыгъэ зимыIэ Iэщхэмрэ мэлбжэнхэмрэ, хъупIэ къэхухьахэм иту удз щхъуантIэм хъуакIуэу хэту; зэм урихьэлIэнут лIыхэми, бзылъхугъэхэми, сабийхэми мэкъумэш лэжьыгъэхэр ягъэзащIэу. Къуажэ псэукIэ дахэм дунейр зэрыдэбжьыфIэм нэмыщIкIэ, сэ мащIэкъым гукъыдэжу къызатар дыкъэзылъагъу лIыхэмрэ щIалэ цIыкIухэмрэ я мэкъумэш лэжьыгъэр къагъанэу, я фащэр щатIагъэу, Iэщэр зыпщIыхалъхьэу шууэ къытхыхьэурэ дызэрагъэкIуатэ зэпытам».*

УмыгъэщIагъуэу ублэкIыфыркъым Жуковскэм ди Хэкужьыр, Кавказыр жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэжь къэгъэхъупIэ щхьэхуэу зэрыщытар къызэрилъытэм, абы хьэкъыпIэкIэ зэрителъхьэм, Европей, Ику Азие къэгъэхъупIэхэм зыкIи емыпхауэ. Адыгэ кхъужь Iэрысей, мыIэрысей лIэужьыгъуэжьхэр къэгъэхъуным лъэпкъым акъылрэ гупсысэу, гуащIэрэ зэману къызэрымыкIуэу куэд тригъэкIуэдащ. Дуней псом щызекIуэ апхуэдэ Iуэхугъуэхэм емылъытауэ, езы лъэпкъым и жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэ къэгъэхъупIэу (помологический центр) щытащ Адыгэ Хэкужьыр. Ди лъэпкъым къыгуэпх мыхъуу бгъэдэлъ мыпхуэдэ щэнхабзэ IуэхугъуэмкIэ сапоув сэ адыгэхэм къалэжь-унэжьхэр къащIэнауэ яIэкъым, я щэнхабзэр лъахъшэщ жызыIэхэм.

Жыг дэгъэкIэныр лъэпкъ мэкъумэш, жыг Iэрысэ къэгъэкIын щэнхабзэ нэсым и зы нагъыщэ пыухыкIащ. А Iуэхугъуэ щэджащэр ди лъэпкъым кIэрылъ фIыгъуэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр, езым и щэнхабзэ псом и зы Iыхьэу къызэрыувыр ди цIыху псоми къагурыIуэркъым. Нобэ дэ ар нэгъэсауэ зыхэдмыщIэ щхьэкIэ, адыгэхэрауэ, нэгъуэщI кавказ лъэпкъхэрауэ къалъытэ жыг дэгъэкIэныр дуней псом япэу къыщызыгупсысар. Феплъыт абы теухуауэ академик Жуковский П. М. итхым: *«Адыгэхэм пасэм питомникхэр яIакъым икIи жыг дэгъэкIэныр щрагъэкIуэкIыу щытар пхъэщхьэмыщхьэ жыгыщIэхэр езыр-езыру къыщыкI щIыпIэхэм дежт, жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэфIхэр абыхэм я лъэдакъэхэм дагъакIэурэ... Хышхуэм (Средиземное море) и Iэгъуэблагъэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщу жыг дэгъэкIэныр псом япэу, алыджхэми япэу баскхэрат зыщIэу щытар икIи абы иберхэр хурагъэсауэ щытыгъащ. Ауэ баскхэр я къежьапIэкIэ, я лъапсэкIэ, дауи, Кавказым пыщIати, аращ абыхэм жыг дэгъэкIэныр къыздрахар. Жыг дэгъэкIэным и къэхъупIэ-къежьапIэр Кавказращ. Индием абы зыри хищIыкIыртэкъым».*

Жыг дэгъэкIэнымкIэ адыгэхэм хуэдэу IэкIуэлъакIуэ Кавказ псом щыпсэуакъым. Апхуэдэу зэрыщытым езым и лъабжьэ иIэжщ. Псом япэу ар къызыхэкIар, сэ къызэрызгъэлъытэмкIэ, лъэпкъыр пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм, жыг Iэрысэхэм, мэзхэм хэпсэукIыу зэрыщытаращ. Абы къинэмыщIауэ, адыгэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ зэщыпсэу Хэкужьым и климатыр, щIыгур, дунейр апхуэдизкIэ жыг, мэз кIыным къыхуэгъэщIащи, «къуацэр къипчу щхьэкIэкIэ хэпсэжми мэкI» жыхуаIэм хуэдэщ. Апхуэдэ дуней бейм цIыхухэм Iэмал имыIэу щалъагъурт жыг къудамэхэр зэлъэIэсу къэкIыурэ зэгуэкIэжауэ. Набдзэгубдзаплъэу пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм хэпсэукI цIыхухэм а дунейм езым къигъэщIа щытыкIэхэр имылъагъункIэ, зыхимыщIэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Аращ жыг дэгъэкIэн Iуэхугъуэм и лъабжьэр ди лъахэм къыщежьауэ къыщIэщIидзыкIыр. Жыг дэгъэкIэн Iуэхугъуэм къриIэкIуэжащ жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэфI куэд адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэныр. Мы жысIам нэмыщIыжу ди лъэпкъым, шэч хэлъкъым, къигъэсэбэпащ илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, цивилизацэ ин зиIа лъэпкъышхуэхэм я жыг Iэрысэ гъэкIын щэнхабзэри. Псалъэм папщIэ, илъэс мин куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, шумерхэм къэкIыгъэхэм куэд хащIыкIыу щытащ икIи ахэращ къезыгъэжьар чыцIыбжьэ жыгыхухэм я гъэгъахэм я шэжыгъэхэр (пыльца) зэхуэхьэсауэ хъумэныр, чыцIыбжьэ жыгыбзэр щыгъагъэм деж а шэжыгъэ зэхуахьэсу яхъумахэр ятегъэщэщыныр, нэгъуэщI куэдхэри.

«Хэкужь жыг хадэхэр» Iыхьэр иризухыжыну сыхуейщ адыгэ жыг хадэжь бгынэжахэм мыхьэнэуэ яIэмрэ ахэр къагъэсэбэпын зэрыхуеймрэ теухуауэ Мичуриным итхамкIэ: *«Адыгэ жыг хадэжьхэр иджыри поплъэ абыхэм я мыхьэнэр къызыгурыIуэн хъупхъэхэхэм (селекционерхэм). КъызэрымыкIуэ бегъ зиIэ адыгэ жыг хадэжьхэм сэ куэд щIауэ сыщыгъуазэщ. Адыгэ Хэкум мэзу щызэщIэзIэжа жыг Iэрысэ, гъурц Iэрысэ къэкIыгъэхэр уасэ зимыIэ хъупхъэ къыхэхыпIэщ Кавказым щыIэ хъупхъэхэхэм я дежкIэ. Ауэ ар, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зыкIи къагъэсэбэпыркъым. Мы Iуэхугъуэр зэрырамыгъэкIуэкIым къыхэкIыу зэгуэри къыумыгъуэтыжыфыну Хэкум фIэкIуэдынкIэ шынагъуэщ дуней псом зэбгъэпщэн щымыIэу хъупхъэ хъэлэмэт хъун жыг Iэрысэ лъэпкъхэр.*

Сэ си гуапэнут а жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэхэм я фIагъымрэ щытыкIэмрэ Iуэрыуатэу мыхъуу, щIэныгъэ хабзэм тету щIэныгъэлIхэр тетхыхьатэмэ. А тхыгъэхэм хъупхъэхэхэр къыхурагъэджэнут хъупхъэхэхын лэжьыгъэр зэхэублэн зэрыхуейм.

Сэ къызолъытэ абы папщIэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэн хуейуэ:

1. ЩIэныгъэ лъабжьэ бгъэ зиIэ экспедицэ къызэгъэпэщауэ Адыгэ Хэкум щыIэ жыг хадэ бгынэжахэм гъэкIуэн, жыг Iэрысэ нэхъ лIэужьыгъуэфIхэмрэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэмрэ гъэнэхуауэ тетхыхьын щхьэкIэ, хъупхъэхэр къыхэхауэ жыг хадэщIэхэм къыщагъэсэбэпын папщIэ.

2. Нэхъ мыхьэнэ зиIэ жыг хадэжь бгынэжахэр заповедникыу къэлъытэн икIи щIэныгъэ нэсыр и лъабжьэу ахэр къэгъэсэбэпын щIэдзэжын.

3. Убгъуауэ Кавказым къыщагъэкIын хъупхъэхэр къыхэха хъун папщIэ жыг IэрысэгъэкI технологие убзыхун, бгъщхьэ лъагэхэм къыщыкI жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэхэр Совет Союзым и нэгъуэщI хэгъэгухэм нэгъэсын (Къырымым, Украиным, Белоруссием, Ику Азием).

Псом хуэмыдэу гу лъытэн хуейщ щхьэмчыжхэмрэ дэшхуейхэмрэ. Мис апхуэдэщ къызэрыщIэдзэн хуейр Адыгэ Хэкум и беягъышхуэу жыг хадэ бгынэжахэм къэгъэсэбэпыныр. 8. XII. 1934 гъэ».

ЖыпIэ хъунукъым Мичуриным 1930 гъэхэм гу зылъита Iуэхугъуэхэм щIэныгъэлIхэр темылэжьыхьауэ. Къэхутэныгъэ ирагъэкIуэкIын щхьэкIэ мызэ-мытIэу экспедицэхэр Хэкужь жыг хадэхэм къэкIуауэ щытащ. Апхуэдэ экспедицэхэм академик Жуковский П. М. зыбжанэрэ хэтащ икIи Хэкужь жыг хадэхэм, адыгэ жыг Iэрысэ лIэужьыгъуэхэм тетхыхьыжащ. Тхьэгъуш Нухьи дунейм тетыхукIэ Хэкужь жыг хадэ Iуэхущ нэхъыбэу зэрихуар. АрщхьэкIэ а щIэныгъэлI нэхъыжьхэм яхуэзэфIэмыкIыжыр хъуур Iуэхум щыпэрыIыжым, абы зэхаубла лэжьыгъэр адэкIэ зыгъэкIуэтэн, псэмыблэжу Хэкужь жыг хадэхэм пылъын щIэблэ къызэгъэпэща хъуакъым. Абы къинэмыщIауэ, апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ егъэкIуэкIыныр къэрал программэу щыщымыткIэ, абы хуэунэтIа ахъшэмрэ мылъкумрэ къыщымыткIышщкIэ, дэтхэнэ зы щIэныгъэлIми хуэзэфIэкIынур мащIэщ, сыт хуэдизу гу хэлъми лэжьыгъэм бгъэдэмытами. Мис апхуэдэ щхьэусыгъуэхэм къыхэкIыу ижь илъэс пщIы бжыгъэхэм Хэкужь жыг хадэхэр бгынэжыпа хъуащ. Ауэ иджыри угугъэ хъунущ кIэсэ дыдэ мыхъупэ щыIэ мы Iуэхум еувэлIэн ди щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм къахэкIыну.

Тхыгъэр гъэкIэщIауэ къыхэтхащ «Мылъкум ефIэкI хъугъуэфIыгъуэ. Адыгэхэм я мэкъумэш, ботаникэ щэнхабзэр» тхылъым.

● Тхыдэ

Адэжь щIынальэм и гъуэгужьхэр

Анапэ быдапIэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдейм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм нэсыху дэнэкIи ущрихьэлIэрт выгухэмрэ шыгухэмрэ щызекIуэ хъу гъэзыг куэдыкIейм. Ахэр ящхъуэрт цIыхухэр зэкIэлъаГэкIуэн, щIыналъэхэм сату зэдащIын папщIэ.

АДЫГЭЩIЫМ тIасхъэщIэхыу ита, артиллерием и генерал Новицкий Георгий 1830 гъэм дунейм къытригъэхьауэ щыта и тхыгъэхэм ящыщ эым дыкъыщоджэ: «...Анапэ къыщыщIэдзауэ Къэбэрдейм нэсыху адыгэ щIыналъэ псоми выгуКIэ ущызекIуэ хъунущ. Езы къэбэрдейхэри Анапэ къыщыкIуэ куэдрэ кьохъу, тыркуэхэм сату дащIын папщIэ».

Выгухэм, шыгухэм папщIэ якуэуэдия гъэзугхэр, егупуэу икIи зы мардэм тету зэрауэхъамкIэ, щу-лъэс лъагъуэхэм къащIэщыкIырт. Гъэзугхэр зэдзэкIыр зэпэщыс къуажэхэм щыпсэухэрат, гухэр ириэзблэкIыкфын хуэдэу.

Тхыдэдж, лъахэхутэ Дьячков - Тарасов Александр и тхыгъэхэм ящыщ эым къыщыхигъэщат «абазэхэхэм выгу гъэзугхэр щыгъ тхыщIэхэм ирагъэкIуэн яфIэдпIу» зэрыщытар. А псалъэхэм я телъхьэу кьоув а зэманым Екатеринодар (Краснодар) дэта ЦIыхухэу гимназием 1897 гъэм къыщыщIэдзауэ егъэджакIуэу щылажьа Борчевский Семён: «Хьунпэжьий (Хьэфыщыгей, Геленджик) пэмыжьыжьэу «Папай» цIэр зезыхъэ Іуащхьэм (метр 819-рэ и лъагагъщ) дыщыхуэкIуэм, сэ сльэгъуащ шэрджэс гъэзугжьым кьыхэнэжьхэр. ... Ахэр ириэзхэзекIуэгъуафIэу щытауэ пхужьIэнутэкъым, лъагащэу зэрагIэтам кьыхэкIыу. Кьыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу тщIы гъэзугум хуэдэкэр шэрджэс щIыналъэхэм я бгылъэ щыпIэ псоми зэрыщыIар».

Бгы щыгугъэм гъэзугхэр ирагъэкIуэныр, шэч хэмылъу, щхьэусыгъуэ зыбжанэм кьыхэкIауэ щытащ. Япрауэ: а зэманым абазэхэхэм я нэхъыбапIэр Лабэ, Щхьэгуащэ, Пщыхь, Пашыш, Псэкъупс я псы-хьуэщхьэхэм дэсащ. Ахэр ириэзкIэпсыкIэну къурш щхьэдзэхыпIэхэр куэдкIэ нэхъ тыншт. ЕтIуанэрауэ, мыбдежым щыр щынэхъ быдзэщ, щыуэтIпсытIхэми къэмытIатIэу. Ещанэрауэ, зекIуапIэхэр шытхъ щыгугъэм зэрытращIыхьыкIи зауэ зэманым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт: зи щхьэхуитыныгъэр зыхъумэ шэрджэс щIыналъэм щыпсэуэхэр абыхэмкIэ шынагъуэншэу ириэзкIэпъыкIуэрт. Псыжь адрыщIкIэ щыIэ тафэ щIыпIэхэм щыпхаша гъэзугхэр адыгэщIым кьафIихьэ урысыдзэхэм, топхэр зыщIыгъуэхэм, зэхафыщIэрт, бжьыхьэ уэлбанэрилэм деж кьахэнэжь щIагъуи щымыIэу.

Урысей къэралыгъуэжьым и гъунапкъэхэр Кавказым гъунэгъу къыщыхуэмыхъум, адыгэхэмрэ Кьрым хьаныгъуэмрэ сату Іэхуэкъэ быдзу зэпыщIат. Абы кьыхэкIыу, а зэманми гулъытэшхуэ хуащIырт гъэзугхэм я фIагъым.

Зыльэгъуаэхэм зэрачэтэжымкIэ, КIаэхэм щыщу Натхъуэдж щIыналъэрат гъэзугнэхъыфIхэр зэдащIыр. «Ахэр ямыIэу ШэрджэсыР псэуфынутэкъым, мамыр зэманми зауэ лъэхъэнэми», - дыкъыщоджэ ищхьэкIэ зи цIэ кьитIуа тхыгъэхэм ящыщ зым.

Мыбдеж къыщыгъэльэгъуапхъэщ адыгэхэм мы Іэнатlэм Іэзагъэшхуэ халъхьэу зэрыщытари. Лжьыгъэхэм щынэхъыщхьэр гъэзугхэр зэхуэ щIынырати, абы папщIэ пхъэм кьыхэщIыкIа банэльэхъур кьагъэсэбэпырт. Ар адэкIэ-мыдэкIэ кьралъэфэкIыурэ, щIыр зэфэ ззщ ящIырт. Гъэзугхэр щыпхашкIэ, мэз кусэ цIыкIуу зэхэкIэжа щIыпIэхэрат кьыхахыр. Жьгъыщхуэхэр выхэмкIэ кьыхатхъырти, щIыр яубэжырт.

Псом япэу зэгупсысыр выгу, шыгухэр зэблэкIыфу зэрыщытырат. Абы кьыхэкIыу гъэзугхэр якуэуэдийрт, псэльафэм кьызэрыхэщыжкIи, «зы кьуэрагъ хуэдиз и бгъуагъыу» - нэгъуэщIу жьтIэмэ, «ІэплакIуэм» метри 3,5-рэ кьызэщIрагъэубыдэу.

Яуэуэ гъэзугм и кIыьлагъыр кьыхахырт зы махуэ-махуитIым зэфIагъэкIыфын хуэдэу. Ягу ирихьа щIы Іыхьэр пхъэIэщкIэ яврт. Кьыбгъурыт мэз кусэ цIыкIухэм еIуэсэрт, абыхэм я лъабжьэкъым щIы щхьэфэхэр зэрызэтраIыгъэм кьыхэкIыу. Выгу зекIуапIэхэр быдэ ящIын папщIэ, пэмыжьжьэу кьыщIах зтIагъэр абыхэм тракIутэрт, псы зэрызыщIымышIэм кьыхэкIыу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къэпщытэныгъэхэр йокIуэкI

● Школ хъыбархэр

Дзэкъи хуэдэу, Бахьсэн районым хьихьэ курыт еджапIэхэм, сабий гъэсапIэхэм я бжэхэр фокIадэм и 1-м кьыхуэзIуахьыжынущ щIыналъэм и ныбжьыщIэхэм. Ахэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхъэзырыр мы махуэхэм кьапщытэ а Іуэхугъуэм кьыхуэзрагъэпща комиссэ щхьэхуэм.

РАЙОНЫМ еджапIэу итыр псори зэхэту 20-м щIегъури, абыхэм ящыщу и нэхъыбапIэм къэпщытэныгъэхэр щекIуэкIащ. А гупым хэтщ Бахьсэн щIыналъэм и администрацэм, эгъеджэныгъэмкIэ щIыпIэ департаментым я унафэщIхэр, УФ-м и МВД-м Бахьсэн щIыналъэм щиIэ кьудамэм, Бахьсэн кьалэмрэ Бахьсэн районымрэ МафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и кьулыкъущIапIэм я Іэщ Іагъэлlкэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хьыбарегъащIэ Іэнатlэхэмрэ я лЫкIуэхэр, нэгъуэщIхэри. Гупым кьапщытэ еджапIэхэмрэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуащIу.

КъэпщытакIуэхэр здэщыIа Іуэхуе ябгъэдэлъ щыщIэныгъэхэр наIуэ щIапIэхэм ящыщ куэдым щхьэгъубжэщIэхэр, бжэщIэхэр хагъэуващ, лъэгуущIэхэр ирадзащ, зытхьэщыпIэхэр, шхапIэхэр, медицинэ пэшхэр зыхуей щыхуагъэзэжащ. Апхуэдэу гулъытэ щхьэхуэ хуащI хуабэр, электрокъарур зрикIуэну бжьамийхэм. Абыхэм щыщIэныгъэ яIэкъым. Гупым иужьрейуэ здэщыIар Жанхъуэтекъуэрэ Зеикъуэрэ дэт курыт школхэмрэ гъэсапIэхэмрэщи, абыхэми Іуэхур щытэмэмщ.

Бахьсэн щыналъэм и администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ Кьэзан Заур зэрыжиIэмкIэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхущ Іапl эхэр зэпэщу гъэ еджэгъуэщIэм ирихьалIэжыным гулъытэшхуэ щыхуащI щIыпIэм. А Іуэхум хухахащ сом мелуани 6-м щIигъу.

Комиссэм хэтхэм я лжьыгъэм пащэнущ шыщхьэуIум и 4 пщIондэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Жэрдэм

Зэгъунэгъухэр зэроцIыху

Ставрополь щIыналъэм щыпсэухэм Кавказ Ищхъэрэм и литературэ щIэным илъэс ныкъуэм нэсауэ зыщагъэзыгъаэз «Кьалэмым зэхуишахэм я лъэмыж» зыфIаща лъэпокъ проектым и фIыгъэкIэ

УРЫСЕЙМ и ТхакIуэхэм я союзым Ставрополь щIыналъэм щиIэ кьудамэм, «Диалог» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ щIыналъэ библиотекэм зэгъусэу ягъэхъэзыра мы проектыр ящIыгъащ УФ-м и Президентым грантэмкIэ и фондым. Проектым ипкъ иткIэ мазаем щыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и кIэм нэсыху ирагъэкIуэкIа онлайн-фестивальм хэтащ, бысымхэм кьищынэмыщIауэ, Адыгейм, Кьэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхьэрэ - Аланием, Шэшэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэр.

Ди республикэм и цIэр абы щагъэIуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэкIуащэ Мадинэ, тхакIуэ ныбжьыщIэ Мазуренко Маринэ, «Солнышко» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Щомахуэ Дарье, усакIуэ, сурэтыщI Аппаевэ Жаннетэ сымэ. Ставрополь крайм и тхакIуэ цIэрыпIуэхэм ящIыгъуу мыхэр хэтащ Будённовск кьалэм, Прасковея, Покойное жылагъуэхэм дэт библиотекэхэм я щIэджыкIакIуэхэм Интернет Іэмалкlэ щепсалъэм. Абы кьыщыпсэлъа, литературэмкIэ я тесуГъэхэр зыбжанэрэ зыхуагъэфащэ усакIуэ, драматург цIэрыпIуэ Рыбалкэ Сергей кьыхигъэщащ, Кулиев Кьайсын и деж кьыщыщIэдзауэ Гамзатов Расул и деж щиухыжу, Кавказ Ищхъэрэр зэрыгушхуэ тхакIуэхэм я Іэдакъэщ Іэкlэм фIыуэ зэрыщыгъуаз эмрэ ижь лъандзрэ Іэпкъгъэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГэр нэхъри егъэфIэкIуэнымкIэ мы Іуэхум и мыхьэнэр зэрыпхынымрэ.

Бысымкэр кьеджащ Лермонтов Михаил Кавказым теуха и усэхэмрэ лъахэм, хэкупсэм, Хэку зауэшхуэм теухуауэ езыхэм я Іэдакъэ кьыщIэкIахэмрэ. Ди республикэм щыщхэм я кьалэмыр нэхъыбэу хуэгъэпсат лъагъуныгъэм, Ігащ Іэм хуаIэ щытыкIэм, я гурыгъуэхэм.

«Кьалэмым зэхуишахэм я лъэмыж» Іуэхур зэрекIуэкIа лlпlэм кьриубыдэу Іуэхугъэкlуэу 1 минымк щIигъум Кавказ Ищхъэрэм и литературэ тхыдэм зыщагъэгъуэзащ, тхакIуэ нэхъыжьхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зэпэсэлъэну Іэмал ягъуэтащ.

Мыпхуэдэ Интернет-зэIущIэхэр щекIуэкIащ Нефтекумск кьалэм, Левокумское, Правокумское, Бургун-Маджары, Новокумский, Кумская-Долинэ жылагъуэхэм.

Онлайн-фестивальм и кIэухым Ставрополь и кьалэ библиотекэм тхакIуэхэм я творческэ пшыхь щекIуэкIащ. «Интернет-телемост» мардэм тету абыхэм кьахьыхащ Лермонтовым и цIэр зэриихьу Ставрополь дэт щIыналъэ библиотекэр, Абдежьм куэдыр щыщIэдзэIуащ ХьэкIуащэ Мадинэ, Аджибеков Хьэжьисмел (КъШР), Ахматукаев Іэдэм, Капаев Иса (ШР), Скодтаев Эльбрус, Теков Тамерлан (ОИ) сымэ я Іэдакъэщ Іэкlэхэм.

Фестивальм хэтахэр зэгурыIуащ щIэх-щIэхыурэ мыпхуэдэ зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыну, псоми я усэхэр зэхуэхьэсауэ зэрыт тхылъи кьыдагъэкIыну.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Футбол

Зрагъэсакъым пенальти еуэфу

«Легион-Динамо» (Мэхъэчкьалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 0:0 (пенальтикIэ 4:2). Мэхъэчкьалэ. «Динамо» стадион. Бадзэуэгъуэм и 28-м. УФ-м и кубокым и финалым и 1/128-нэ Іыхьэ. ЦIыху 400 елъэщ.

Судьяхэр: Лапатухин (Мэзкуу), Петров, Туркин (тIури Астрахань щыщщ).

«Легион-Динамо»: Магомадов А., Гасанов, Мусуев, Сарафутдинов, Мальсагов, Абдуллаев, Панаев, Удунян, Курбанов, Саадуев, Магомедов Р.

«Спартак-Налшык»: Антипов, Мэкъуауэ, Шумахуэ З., Ольмезов, Сындыку, Дэхъу, Шумахуэ И., Багъэтыр (Ашуев, 67), ХьутIэ, Белоусов, ПIуп.

УРЫСЕЙ Федерацэм и кубокыр 2022 гъэм къхъыным теухуауэ зэхаубла зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэIущIэм, махуипщI ипэкIэ зэхэтам, «Спартак-Налшыкыр» Мэхъэчкьалэ къикIа «Динамо»-м 2:0-у зэрыщытекIуам и фIыгъэкIэ адзакIэ кIуатэри, финалым и 1/128-нэ Іыхьэм нэсат. Абыи хьэрхэузэрэ къыщыхуэхъуар Дагъыстэным и кьалащхьэм и командзэм языхэз «Легион-Динамо»-рат. Бадзэуэгъуэм и 28-м зэхагъэкIын хуейт а тIум хэт нэхъ Іьащми. Ар тынш зэрымыхъунум и щыхьэтт «Спартак-Налшыкым-рэ» «Легион-Динамо»-мрэ иджыри къэс зэдрагъэкIуэкIа зэIущIэ 11-м ящыщу 7-р зэрытемыгъэкIуауэ зэриухар. Мыбыи къыпэплъэр арат.

«Легион-Динамо»-м ди щIалэхэм зэрадзэджэгуамкIэ и стадионым зэхьэзэхуэр къыщыхэзIуихащ. Абы цIыхр изу и исыну къыщIэкIынт, арщхьэкIэ коронавирус уз зэрыцIалэм зыщахъумэн папщIэ апхуэдэ Іэмал зратар 400-ращ. Дэтхэнэми дрэжэгъуэ ин зэригъуэтам шэч хэлъкъым.

ЗэпэщIэувахэр сыт и лъэныкъуэкIи зэхуэфащэу кьыщIэкIащ. Аращ ахэр зэрытемыгъэкIауэ, бжыгъэри кьызэIуамыхауэ джэгум хухаха зэман нэхъыщхьэр щIиухар. Арщхьэкlэ кубокым ехьэлIа зэIущIэхэм нэхъыфIыр занщIэу щызэхамыгъэкIыу хъунутэкъыми, Іуэхур пенальти еуэным хуэкIуащ. Дыдейкэр абыкIэ зэрыхуэмыхуэр Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэхэм кьагъэлъэгуат, джэгуГэуитI зэкIэлъхьэужьым метр пщыкIузым и деж щыту топхэр зэрыщыдамыгъэкIыфамкIэ. Абы лъандэрэ блэкIа мазитIым нэблагъэми, я Іэзагъэм хамыгъэхъуауэ кьыщIэкIащ.

Пенальти япэу еуа «Легион-Динамо»-м и футболистыр штангэм техуащ. Ущыгугъ хьунут насыпым ди дежкIэ зыкьигъэзэну. Арщхьэкlэ «Спартак-Налшыкым» и капитан ЛIуп Исльамы, абы иужькIэ метр пщыкIузым бгъдыхьа Ольмезов Артури хэгъэрейхэм я гъащIэхэтат Магомедов Алиг ебзэджэкIыфакъым.

Адэкlэ мэхъэчкьалэдзэхэм я гур кьызэрыгъуэтыжащ икIи, я Іэмалхэр кьагъэсэбэпри, 4:2-уэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Дыдейхэм, нэгъаби хуэдэу, пасэу кьаухащ Урысей Федерацэм и кубокым ехьэлIа бэнэныгъэр. Бидзиев Къэсэнбий и гъэсэнхэм иджы я кьару псори ирахьэлIэн хуейщ етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм зэхуэфащэу зыкъыщагъэльэгъуэным.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Дяпэ итахэр къызэрытщыгугъыу дыкъыщIэвгъэкI

● Зэрызыхуагъаз

Ди лъэпкъэгъу лъапIэхэ! «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и къызэгъэпэщакIуэхэм зыныфхудогъаз ди кьэкIуэныр хъумэжыным теухуа кьыхуеджэныгъэкIэ!

ПЩЭДЭЙ адыгэр лъэпкъыу дыщIэным, ди бзэр псэуным, кьыткIэхъуэ щIэблэр ирипсэлъэным нобэ дытебгъэлажьэ. ЗыхуэтщIэжращ диIэнур, дэ хэтлъхьэжращ ди дунейм хэлъынур, кьытщIэхъуэр зэрыхъунур дэ зэрытщIащ.

Фыщыдогъэгъуаз «Адыгэ дуней» фондым нэхъыщхьэу кьилъытэу, кьекIуалIэ мыльку зытригъэкIыжу:

1. Сабий цIыкIуэм папщIэ адыгэ таурыхъэмрэ Нарт пшынальэмрэ тращIыкIа мультфильмхэр техын, сенсорнэ аудио-джэгуалъэхэр, сурэтри макъри зэрыусу хьэрфхэр езыгъэщIыху Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырын;

2. ЕджапIэхэм адыгэбзэм хухаха пэшхэр интерактивнэ доскаIэ, адыгэ тхылъ библиотекэкIэ, компьютерэмкIэ кьыхэгъэпэщын;

3. Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ, лъэпкъ тхыдэмкIэ екIуэкI олимпиадэ, зэпеуэ, конференцэхэм зэкIэлъыплъыту тIэу щытекIуэ еджакIуэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыр егъэджакIуэхэмрэ тыгъэ яхуэщIын, стипендие пIалъэ гуэркIэ яхуэгъэувын;

4. Къэбэрдейм и щIыналъэ къэс щIэныгъэ-уэзщIакIуэ Центр кьыщIэхъуэ щIэблэр ирипсэлъэным нобэ дытебгъэлажьэ. ЗыхуэтщIэжращ диIэнур, дэ хэтлъхьэжращ ди дунейм хэлъынур, кьытщIэхъуэр зэрыхъунур дэ зэрытщIащ.

Фыщыдогъэгъуаз «Адыгэ дуней» фондым нэхъыщхьэу кьилъытэу, кьекIуалIэ мыльку зытригъэкIыжу:

1. Сабий цIыкIуэм папщIэ адыгэ таурыхъэмрэ Нарт пшынальэмрэ тращIыкIа мультфильмхэр техын, сенсорнэ аудио-джэгуалъэхэр, сурэтри макъри зэрыусу хьэрфхэр езыгъэщIыху Іэмэпсымэхэр гъэхьэзырын;

2. ЕджапIэхэм адыгэбзэм хухаха пэшхэр интерактивнэ доскаIэ, адыгэ тхылъ библиотекэкIэ, компьютерэмкIэ кьыхэгъэпэщын;

3. Адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ, лъэпкъ тхыдэмкIэ екIуэкI олимпиадэ, зэпеуэ, конференцэхэм зэкIэлъыплъыту тIэу щытекIуэ еджакIуэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыр егъэджакIуэхэмрэ тыгъэ яхуэщIын, стипендие пIалъэ гуэркIэ яхуэгъэувын;

4. Къэбэрдейм и щIыналъэ къэс щIэныгъэ-уэзщIакIуэ Центр кьыщIэхъуэ щIэблэр ирипсэлъэным нобэ дытебгъэлажьэ. ЗыхуэтщIэжращ диIэнур, дэ хэтлъхьэжращ ди дунейм хэлъынур, кьытщIэхъуэр зэрыхъунур дэ зэрытщIащ.

5. Егъэджэныгъэр, гъэсэныгъэр зыгъэкIуэтэн, адыгэбзэмрэ литературэмрэ, лъэпкъ тхыдэр фIыуэ щIэным хуэгъэпса учебно-методическэ тхылъхэр гъэхьэзырын, кьыдагъэкIын;

6. Лъэпкъыбзэм, лъэпкъ литературэм зиужьыным и хэкIыпIэхэр кьыщахутэ конференцэхэр егъэкIуэн;

7. Адыгэбзэр, урысыбзэр, инджылызыбзэр зэгъусэу зэраджын тхылъхэр егъэтхын, кьыдагъэкIын (полилингвальнэ егъэджэкIэ, гупжьейуэ, факультативу кьызэгъэпэщауэ);

7. Адыгэ тхылъ электроннэ библиотекэ зэгъэпэщын;

8. Адыгэ ныбжьыщIэхэм я театр-студие кьызэIухын;

9. Адыгэ журналист ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ егъэкIуэкIын.

Ди лъэпкъэгъу лъапIэхэ, «псэуну гъащIэ зыхуэфащэр мыувыIэу кIуэхэр аркъуейщ» псалъэхэр, КIыщокIэм уэсэгъу кьыт-хуигъэнар, тщыгъупщэ хьунукъым. Ди гуащIэкIэ кьэдлэжьам кьыхэдгъэкIыфынкIэ дызэхэвгъэхьи, ди лъэпкъ Іуэху зедвгъэхуэж. Дызэгъусэмэ, ди лъэкIыныгъэр бэгъуэнущ, дызыхуэплъэм дыльэIэсынущ.

Кьызыкъуэдывгъэх лIыгъэ, дыкъыщIэвгъэкI дяпэ итахэр кьызэрытщыгугъыу. Ар «сыадыгэщ» жыIэIэ дэтхэнэми и пщэрылъщ.

Кьыткъуэувэнухэм ахъшэр кьыхалъхьэ зэррыхунур:

- ЩхьэгъэфIэкIыр деж фондым и счётымкIэ банкым ирагъахьу;

- Мазэ кьэс улахуэм щыщу зы сом бжыгъэ хэха гуэр кIуэуэ зэтеублауэ;

- КьызэгъэпэщакIуэхэм кьратурэ тхылъым Іэпэ щIадзыжу.

«Адыгэ дуней» фондым проект хьэзырхэрэ иIэщ ищхьэкIэ кьыщыдгъэльэгъуа лэжьыгъэхэм щыщу. ЗэфIэкI зиIэ адыгэхэм кьахэкIынкIи хунущ «языхэзыр сэ згъэззащIынущ» жызыIэн.

Фондым и кьызэгъэпэщакIуэхэр: Хьурей Феликс, Кьып Гупсэ, Хьэщыкlу Рае.

Фондым и Хасэм хэтхэр: Махуэ Володя, Аскер Атилэ, Гугъуэтыжь Ахьмэд, Кьымакьуэ Заринэ, Бакъ Мадинэ.

Фондым и счётыр:

Наименование поля расчётного документа Получатель

«Банк получателя» Ставропольское отделение №5230 ПАО «Сбербанк России»

Дополнительный офис №8631/0015

«БИК» банка получателя 040702615

«Счёт №» банка получателя 30101810907020000615

«Счёт №» получателя 40703810060330000489

«Получатель» «Некоммерческий фонд «Черкесский мир»

«ИНН получателя» 0725026687

Дата открытия р/сч 03.02.2020

Хьэщ Іагъэ ирахащ

Шыщхьэуіум и 1-м Налшык и «Спартак» стадионым щекIуэкIащ етIуанэ дивизионым и япэ гупым щызэхэт зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ зэIущIэ.

ДИ топджэгуэм Налшык и стадионым Ставрополь и «Динамо»-р къыщIрагъэблэгъащ тхьэмахуэ махуэм. Бысымхэм зы топи худамыхуфын хуэдэу я гъуэр быдэу зэрахъумэжьыфам нэмыщI, шэткъалэдзэхэм топитI ди щIалэхэм я гъуэм кьыхудагъэкIащ. А тIум щыщу кьабыл ящIар зы кьудейрщ, ауэ хьэщIэхэм ари яхуирикъуащ Налшык и «Спартак»-м кьытекIуэн щхьэкIэ. 67-нэ дакъикъэм хуэза а топыр налшыкдэсхэм я гъуэм дэзыгъэкIар Белозёров Александрщ. ТекIуэныгъэм я кIэн кьыщIимыкIами, мызыгъуэгукIэ ди топджэгуэхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм хьэщIагъэ ирахауэ кьэтIыльтэнщ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Псоми зэрапыкъуэкIын Іэмал

● Ди зыгъэпсэхупIэхэр

Метр 3500-кIэ Іуащхьэмахуэ щыгум дэкIуу лифт яутIыпщащ. Азаурэ кIапсэ гъуэгум и япэ теуэгъуэмрэ зэпызыщIэ лифтымкIэ зекIуэнущ ныкъуэдыкъуагъ зыбгъэдэлъхэр, пенсионерхэр, сабийрэ колясхэрэ зи гъусэ адэанэхэр.

«КАВКАЗ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м дызэрыщыгъэгъуэзамкIэ, 2023 гъэм апхуэдэ лифтхэр иджыри щаутIыпщынущ «Кругозор - Мир» кIапсэ гъуэгум и станцитIми. Абыхэм я фIыгъэкIэ Кавказ къуршым и щIыпIэ телъыджэхэм хуиту зыщапльыхьынущ инэмкIэ апхуэдэ Іэмал зимыIа цIыху куэдым.

2021 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 4-м нэсыху, зэи кьэмыхъуауэ, Іуащхьэмахуэ и лыжэ кьэжьхьыпIэхэр зэIуахуэ щытащ, уэсыр кIыхьу зэрытельам и фIыгъэкIэ. А зэманым кьрибудэу абы туристу щыIащ гъэ кIуэм нэхъри процент 67-кIэ нэхъыбэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокьуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Iизэ.



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапl эхэм ядолжэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэныкIэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; къызырыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епlыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ Іапl эм PИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, БэсэнIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, редактору Жьэкlэмыхъу Маринэ, корректорхэу Инэрокъуэ Азэмэт (1, 2-нэ нап.), Нэужьокъуэ Заирэ (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ. КомпьютеркIэ газетым и тепIэгъэ яцIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, сурэтчэхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.839 ● Заказ №1698